The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 23 Shingaira kuti uzviratidze pamberi paMwari, somunhu anogamuchirwa, mushandi asingafaniri kunyadziswa uye anonyatsoruramisa shoko rechokwadi – 2 Timoti 2:15 2025

MWARI HAVANA KUTIPA MWEYA WOKUTYA . . . ASI WOKUKUNDA!

Na Godfrey Ndiriwenyu

"Nokuti Mwari havana kutipa mweya wokutya [mweya wougwara, wokugarohuta, mweya wokugaromhanyiswa nezvisipo], asi Mweya wesimba, noworudo nokuzvidzora [pfungwa dzakagadzikana]" [1Timoti 1:7].

Shoko raMwari rinoburitsa pachena kuti isu [avo vari vana vaMwari (Johani 1:12)] tiri vokukunda nokubudirira. Hatiziri vokudzokera shure kana kudududzira. Shok rinoti iro, "… Mwari haana kutipa mweya wokutya, asi Mweya wesimba, noworudo nowokuzvidzora" [1 Timoti 1:7].

Chinzwa mudikani, kune mweya wokutya uriko uye unombunyikidza nokubata vose, asi mweya uyu haubvi kuna Mwari Baba. Kutya kana kuti umbwende, chibereko cherima uye nedzimwe nguva kunokonzerwa nemweya, asi Mweya uyu hausiri waMwari. Une kwaunobva, kumasuwo eHadhesi, uye Shoko rinoti uyu hausiriwo mweya watakapiwa. Isu takapihwe mweya wesimba. Sokureva kunoita Shoko raMwari tiri vakundi nokupfuurisa nokuti Mwari vedu ndiMwari vokukunda. Mupositori Johane anoti iye 'uyo ari matiri mukuru, uye anesimba kupfuura ari munyika.' Jehovah Mwari vakaita kuti Dhavhidhi akunde kwose kwaakaenda nezvaakaita, ndivo vachaita kuti ini newe tirarame upenyu hwokukunda kwose kwatinoenda uye muizvo zvose zvatinoita nokubata. Jehovah "Nissi" avo vakarwira Moses akakunda maAmeriki ndivo Mwari vachaita kuti iwe neni tikunde muhondo dzose dzatinosangana nadzo. Shoko ravo rinotiudza kuti tinogona chete kuita zvose kubudikidza naiye anotipa simba [2 Sam 8:6; VaFiripi 4:13]. Mwari vedu ndiJehovha Wamasimba ose, mambo naIshe vokubwinya kwose. NdiJehovha vane simba noumhare, Mwari vane ukuru nesimba pakurwa. [Ps 24:8] Ndivo Jehovha, ruponeso nokukudzwa kwedu. Dombo redu guru noutiziro hwedu, mubatsiri wedu munguva yokutambudzika kwedu. [Ps 62:7; 46:1] NdiJehovha vanotasva matenga akare, 'iye anobudisa inzwi rine simba somupande wemvura' [Ps 68:33] Ishe wedu mukuru uye ane simba guru' [Ps 147:5] Achinyorera Kereke yavaRoma, mupositori Pauro anoti iye rangarirai kuti "pazvinhu zvose izvi, tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye [Jesu] akatida". [VaRoma 8:37]. Rega ndikupe mazita mashomanan anopihwa Mwari muShoko ravo ayo anoenderana nokushanda kwavo.

NdiJehovah-El-Shaddai... Mwari vananzvo zvose. **NdiJehovah-Sabaoth…**Mwari vanokurwira muhondo dzako dzose. **NdiJehovah-Rapha…**Mwari vanokurapa zvirwere zvako zvose. **NdiJehovah-Nissi...**Mwari vanokurwira kuvavengi vako. **NdiJehovah-Rafah…**Mwari vari mufudzi wako. **NdiJehovah-Tsidkenu…**Mwari vari kunaka kwako. **NdiJehovah-Shamah…**Mwari varipo uye vaneni newe nguva dzose. **NdiJehovah-Shalom…**Mwari vari kusununguka kwedu. Kana dai tikasangana nemiedzo yakaita sei, kana dai tikasangana nehondo dzowakaipa dzakaita sei, chokwadi cheShoko cheShoko raMwari chinoti "pazvinhu zvose izvi, tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye akatida". Vachitaura kubudikidza namuporofita Isaya Jehovha vanoti ivo "Hapana munondo ucharwisana newe ukakunda, uye uchakonesa rurimi rumwe norumwe runokupomera mhosva" [54:17]. Pachitsauko 59 vanoti ivo kana dai Wakaipa akauya samafashamu, ivo vachasimudza rutandare rwedziviriro yavo. Asika mubvunzo mukuru uripo ndewokuti, "nemhaka yeiko vamwe vana vaMwari vazhinji vachirarama upenyu hwokutya nokukundwa?" "nemhaka yeiko vamwe vana vaMwari vachirarama upenyu hwokutya noumbwende?" Ukanyatso tarisisa muvaKristu vazhinji nhasi uchaona kuti pana vamwe vanotogutsikana kwazvo napachinzvimbo chavari chokutya nokukundwa. Kwavari upenyu hwokukunda rungano rwatsuro nasekuru gudo. Satani akavagara matunduru, zviya zvokuti vatove vana zvakanaka zvakadaro. Nemhaka yeiko zvichiita saizvozvo? Uku ndikwo kuda kwaMwari here muupenyu hwavana vake? Pangava nemhinduro dzakati kuti kumubvunzo iwoyu hongu, asi mhinduro huru ndeyokusaziva. Vachitaura namuporofita Hosea, Mwari vanoti ivo, "Vanhu vangu vanoparadzwa nokuda kwokushaiwa zivo". [4:6] Mudikani, kushaiwa zivo, kune ngozi, uye kunounza rufu nokufa. Chinosuwisazve chikuru ndechokuti, Satani haazvizivi uye haana mhosva kuti hauzivi, uye haana

basa nokuti hauzivi.

Kwaari usaziva kwako ndich chombo chikuru chokukutsimbirira nacho. Mudikani kuti urarame upenyu hwokukunda unafanira kuva nezivo. Zivo yakakosha uye pane zvinhu zvinomwe zvaunofanira kuziva kuti urarame upenyu hwokukunda.

Posi…Tenda nomwoyo wako wose kuti Jehovah ndiyeMwari. Nokuti "Pasina kutenda hazvibviri kufadza Mwari, uye ani naani anouya kwaari anofanira kutenda kuti ariko uye anopa vanomutsvaga nomwoyo wose mubayiro wavo." [VaHebheru 11:6]. Nemuchirungu inoti…without faith it is impossible to please him [God], for whoever would draw near to God must believe that he exists and that he rewards those who seek him. Tenda nemwoyo wako wose kuti Mwari vanokwanisa, uye havakundikani. "Nokuti hakuna chinhu chisinga gonekwi naMwari". [Ruka 1:37]

Tenda nemwoyo wako wose kuti Jehovha vachakurwira. "Teererai, Mambo Jehoshafati navose vanogara muJudha neJerusarema! Musatya kana kuora mwoyo nokuda kwehondo iyi huru, nokuti kurwa uku hakusi kwenyu, asi ndokwaMwari". [2 Makoronike 20:15] Mwari havambovasiyi avo vanovimba navo. Hondo yose youpenyu hwako ndeyavo. Meso aJehovha ari pamusoro paavo vanomutya, napamusoro paavo vanoisa tariro yavo murudo rwake rusingaperi. Achakurwira parufu uye achakuraramisa nokukuponesa panguva yenzara. Kana ukatenda nemwoyo wako wose kuti Jehovha ndiye Mwari, uye kuti vari pamusoro pazvose, uri kudivi rokukunda. Chokutya hapana! Ko ungagotyeiko nhai hama kana ruoko rwaMwari Wamasimba ose ruri pamusoro pako. "Kunyange ndikafamba nomumupata nomumvuri worufu handingatyi zvakaipa nokuti imi muneni, tsvimbo yenyu nomudonzvo wenyu zvinondinyaradza". [Ps 23:4]. "Jehovha Mwari ndiye zuva nenhoo [yedu], Jehovha anopa nyasha, dziviriro] nokukudzwa; hapana chinhu chakanaka chaanganyima avo vanofamba zvakarurama" [MaPisarema 84:11].

Chepiri…Rarama upenyu hutsvene hunofadza Mwari. "Nokutenda Enoki akatorwa kubva paupenyu huno, zvokuti haana kuona rufu, akasaonekwa, nokuti Mwari akanga amutora; nokuti asati atorwa akanga achipupurirwa somunhu aifadza Mwari" [Heb 11:5]. Hapana chinhu chinofadza Mwari kudai nomunhu anokutenda kwavari [faith]. "Pasina kutenda hazvibviri kufadza Mwari nokuti ani naani anouya kwaari anofanira kutenda kuti ariko uye kuti anopa vanomutsvaga nomwoyo wose mubayiro wavo" [VaHebheru 11:6]. Kana ukararama upenyu hunofadza Mwari, upenyu hwokutenda, Ivo vanokuchengetedza. Nemhaka yokuti unovafadza havazombokusiyi kana kukufuratira. "Vanovimba naJehovha, vakafanana negomo reZioni, risingazungunutswi asi rinogara nokusingaperi. Sokupoteredzwa kwakaitwa Jerusarema namakomo, saizvozvowo Jehovha anopoteredza vanhu vake kubva zvino nokusingaperi" [Ps 125:1]. Ruka 1:45 inoti iyo "Akaropafadzwa iye anotenda kuti zvakataurwa naIshe kwaari zvichaitika, [nokuti zvichaitika]". Kutenda nokutendeka chiombo chikuru uye nokutenda unozviisa kudivi raMwari. Kana uri kudivi raMwari uye uchiita kuda kwavo, uye uchirarama upenyu hunovafadza Jehavah havambokurasi. Uri kudivi rokukunda! Hauzombotyi kana uchiziva kuti uri kudivi raMwari, divi rokukunda. Kuti urarame upenyu hwokukunda, saEnoki, raramira, kufadza Mwari. Nokutenda Enoki akararama upenyu hunofadza Mwari. Nokutenda akatorwa kubva paupenyu huno, zvokuti haana kuona rufu, akasaonekwa, nokuti akange achipupurirwa somunhu aifadza Mwari. Ko Enoki aigotyei, kana aiva naMwari kudivi rake!

Chetatu…Famba sokuraira kwavo. "Nokutenda Noa, akati anyeverwa pamusoro pezvinhu zvakange zvichigere kuonekwa, akavaka areka nokutya Mwari kuti aponese mhuri yake. Nokutenda …akava mugari wenhaka yokururama kunouya nokutenda" [VaHebheru 11:7]. Usafambiswa nokutya wakaipa, kana kutyawo mumwewo munhu. Itya Mwari wako, anova ndiwo mavambo oruzivo. Kutya Mwari, kunoreva kuvimba muzvose zvinorehwa naMwari. Kutya Mwari kunobvisa kwose kutya uye kunounza kukunda kunopfuurisa. Ko ungagotyeiko nhai kana ruoko rwaWamasimba [Sabaoth] ose ruri pamusoro pako. Vachitaura naJoshua Jehovha vanoti ivo: "Chenjerera kuti utevere mirairo yose yawakapiwa naMozisi muranda wangu, usatsaukira

Mharidzo Yokuuya Kwake imagazini rinotsikiswa nguva iri ipi zvayo pagore zvichienderana nokupihwa kwatinenge taitwa rubatsiro naMwari uye nevanotitsigira muzvipo neminamato. Rinopihwa pachena kuna ani naani anenge arikumbira kubva kune veGospel Revivals Inc. avo vanotsikisazve magazine rechirungu rinonzi Herald Of His Coming.

Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A. Kero yepawebsite: heraldofhiscoming.org

Mukoponori nomupepeti **weMharidzo Yokuuya Kwake:** Godfrey Ndiriwenyu. Ndapota tumirai minamato, zvikumbiro nemanzwi okutenda pakero yedu yomuZimbabwe inoti: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo, Zimbabwe. E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com Nhamba dzembozharunhare ndedzinoti +263 772 929673 DzeLandline +263 292 498041

Nhengo dzevapi vemazano: Pastor Fortune Mate, Inock Siziba, Promise Nyathi, Maxwell Matewe

kuridyi kana kuruboshwe, kuti ubudirire kwose kwaunoenda. Bhuku iri romurayiro harifaniri kubva pamuromo wako, fungisisa pamusoro paro siku nesikati… uye ipapo uchabudirira kwazvo" [Joshua 1:7-8]. "Akaropafadzwa asingafambi panorangana vakaipa, asingamiri panzira yavatadzi, asingagari pachigaro chavadadi. Asi anofarira murayiro waJehovah, uye anofungisisa murayiro wake masikati nousiku, anofanana nomuti wakasimwa pahova dzemvura…Chinhu chipi nechipi chaanobata chinoendeka". [Ps 1:1-3]

Chechina... Ziva kuti Mwari vanopa mubairo kuna vose vanomutsvaga. "Anopa vanomutsvaga nomwoyo wose mubayiro wavo" [Heb. 11:6]. Kubva pasichigare Mwari vagara vachipa mubairo kuavo vanomutsvaga nemwoyo yavo yose. Mudikani, Mwari havadyi chomunhu mahara! Kwete! Somuenzaniso, Jonah haana kuteerera Mwari, asi paakange ave mumatambudziko, akachema kuna Mwari wake nemwoyo wose, Mwari vakamunzwa. Hannah akachemera kuna Mwari, Mwari vakamupa mwanakomana Samueri. Petro akachemawo nezuva riya achiti "Ishe ndiponesei" Jesu vakamuponesa kuti asanyura mumvura. Mwari vamwe chete vakaponesa vose ivava vanogona kukuponesa newewo nhasi. Chinodiwa chete kutenda, "Akaropafadzwa iye anotenda kuti zvakataurwa kwavaari naShe zvichaitika". [Ruka 1:45]. Ko unotyeiko nhai kana ruoko rwaMwari Wamasimba ose ruri pamusoro pako. Ndini Jehovha Mwari wako. Pakutambudzika kwako uchadana kwandiri ini ndichakununura, ndigokupindura. [Ps 81:7].

"Ipapo uchadana, Jehovha achakupindura, uchadanidzira uchida rubatsiro, uye iye achati 'Ndiri pano.'" Murwiyo rwaparwendo munyori anoti iye "Jehovha achakuchengeta pane zvose zvinokuvadza, iye acharinda upenyu hwako; Jehovha achakurinda pakubada kwako napakupinda kwako, kubva zvino uye nokusingaperi". [Ps 121:7].

Cheshanu... Teerera Kukutaura kwaMwari. "Nokutenda Abhurahama, akati adanwa [naMwari] kuti aende kunzvimbo iyo yaaizogamuchira kuti ive nhaka yake, akateerera uye akaenda, kunyange zvazvo akanga asingazivi kwaaienda". [VaHebheru 11:9] Abhurahama anozivikanwa sa "Baba vokutenda" nemhaka yokuti akateerera kukutaura kwaMwari, uye akaita zvose zvaakaudziwa naMwari wake. Newewo unofanira, somwana waAbhurahama, kufamba nokutenda kwete nezvaunoona. Uri wokufamba nokutenda kwete nezvaunoona. Mwari vari kutaura newe kubudikidza neshoko ravo vateerere. Unofanira kuteerera kukutaura kwaMwari, ipapo uchabudirira. Kana ukateerera Shoko raMwari, chokwadi hapana chokutya. Mwari vachamira newe. Ko unotyeiko nhai hama kana ruoko rwaMwari Wamasimba ose ruri pamusoro pako. Chokwadika chokutya hapana! Iwe Chenjerera chete kuti utevere mirairo yose yawakapiwa mushoko ravo, usatsaukira kuridyi kana kuruboshwe, ndokuti ubudirire kwose kwaunoenda, uye muzvose zvaunoita. Bhuku iri romurayiro harifaniri kubva pamuromo wako, fungisisa [meditate] pamusoro paro siku nesikati…uye ipapo uchabudirira kwazvo [Joshua 1:7-8].

Chechitanhatu... Tsvagisisa zvipikirwa zvaMwari kwauri. "Nokuti akanga achitarisira guta rine nheyo, Mwari ari mhizha nomuvaki waro". [VaHebheru 11:10]

Mwari vakavimbisa Abhurahama nyika iri nani. Nokutenda Abhurahama akatanga kuitsvaga. Rangarira kuti akasiya nyika yamadzibaba ake uye nehama dzake, akasiya zvose kumashure ndokutanga kufamba nokutenda. Abhurahama akawana guta iri nokutenda uye nokuda kwokuti akatanga kutsvangisisa zvivimbiso zvaMwari. Mwari havana kungovimbisa denga nenyika yakanaka chete, asiwo noruponeso, Mweya Mutsvene, kuporeswa uye kusakusiya kusvika nariini. Kana ukatsvaga zvivimbiso zvavo mushoko ravo hauzovi nokutya. Ko ungagotyeikozve nhai kana zvivimbiso zvavo zvakati chakata mushoko ravo. "Nokuti Mwari haana kutipa mweya wokutya, asi mweya wesimba, worudo nowokuzvidzora". [1 Timoti 1:7]. Chokutya hapana kana ruoko rwaMwari Wamasimba ose ruri pamusoro pako.

Nomwe…Iti akavimbika uyo anokuvimbisa. "Nokutenda Abhurahama, kunyange zvake akange apfuura zera, uye Sara pachake akanga asingabereki, akapiwa simba rokuva baba, nokuti akati iye akapikira akatendeka." [VaHeb 11:11]. Sarah akange akwegura. Akange ave mbuya yaitonzi yapere basa. Zvakamufadza sei kunzwa Mwari vachimuvimbisa kuti achave nemwana. Asizve zvakamusetsa nokuti zvaive zvisisabvumiki. Zvisinei zvazvo akatenda kuna Mwari uye akati iye uyo akapikira akatendeka. Pasisina tariro Abhurahama naSara vakatenda uye vakava baba namai vendudzi zhinji sezvakange zvarehwa kwavari. Havana kukahadzika kana kushaiwa simba mukutenda kwavo, asi vakasimbiswa mukutenda kwavo uye vakanyatso gutsikana kuti Mwari vane simba rokuita zvavakange vavimbisa. "Ndokusaka 'zvakanzi kwavari ndiko kururama." Mashoko okuti 'zvakanzi kwavari' haana kunyorerwa iye oga, asi kwatiriwo, kuna avo vachanzi naMwari vakarurama, kunesu vanotenda kwaari iye akamutsa Jesu Ishe wedu kubva kuvakafa." [VaRoma 4:23]. Kana ukararama upenyu hunofadza Mwari, uchitenda kushoko nezvivimbiso zvavo, Mwari vachakuchengetedza. Kana ukavimba navo ugovadana munguva dzako dzokutambudzika, vachakudavira. "ipapo uchadana Jehovha achipindura, uchadanidzira uchida rubatsiro, iye achati 'Ndiri pano" [Isaya 58:9]. "Usatya nekuti ini ndakakudzikinura, ndakakudana nezita rako, uye uri wangu. Paunopfuura nomumvura zhinji ini ndichava newe, uye paunopinda munzizi hadzikukukuri. Paunofamba nomumoto, haungazotsvi, murazvo wavo haungazokupisi. Nokuti ini ndini Jehovha, Mwari wako" [43:1-3]. "Naizvozvo hama dzangu dzinodiwa, mirai makasimba. Pashaiwe chinhu chinokuzungunusai …nokuti munoziva kuti kubata basa kwenyu munaShe hakungavi pasina" [1Korinde 15:58]. "Mwari pachake, iye Mwari worugare, ngaakuitei vatsvene kwazvo kwazvo. Uye ngaakukundisei zvakapfuurisa. Mweya wenyu wose, nomwoyo uye nomuviri zvichengetwe zvisina mhosva pakuuya kwaIshe wedu Jesu Kristu. Iye akakudanai akatendeka uye achazviita." [1Thes 5: 23].

Mwari Tingavadzirisa Sei Pakati Pedu?

Na A. E. Reinschmidt

"Ndinokuudzai chokwadi kuti kana vaviri venyu mukabvumirana pane chamunokumbira kuna Baba vangu vari kudenga, muchachiitirwa. Nokuti panoungana vaviri kana vatatu venyu muzita rangu, neni ndiripowo pakati-pavo" [Mateo 18:19-20].

"Vakati vasunungurwa, Petro naJohani vakadzokera kuvanhu vokwavo vakandovaudza zvose zvakanga zvarehwa navaprista vakuru navakuru. Vakati vanzwa izvi, vakasimudza manzwi pamwe chete kuna Mwari vakanyengetera vachiti, "Ishe Mwari, imi makaita denga nenyika negungwa, nezvose zvirimo…. Shure kwokunge vanyengetera, nzvimbo yavakanga vakaungana pairi yakazungunuswa. Uye vose vakazadzwa noMweya Mutsvene vakataura shoko raMwari vasingatyi..." [Mabasa 4:23-24, 31]

"Saka Petro akachengetwa mutorongo, asi kereke yakanga ichimunyengeterera zvikuru kuna Mwari…" [Mabasa 12:5]

Hapanoi apo chokwadi chiri pachena-chena cheBhaibheri [Shoko raMwari] chino monyaniswa nekumonyororwa nevazhinjisa [zvikuru sei nematheologians vadzidzi veBhaibheri]. Hapanoizve apo vadzidzi veBhaibheri vanoedzazve nepavanogona kutsemurura nekubadurura zvokwadi yeShoko raMwari kuti zviite seino dzidzisa zvinhu zviviri asi iyo ichingova dzidziso *nenyaya* imwe chete. Somuenzaniso: Mashoko enhanganyaya anoti ***"kana vaviri venyu mukabvumirana,"*** neayo anoti ***"panoungana vaviri kana vatatu venyu muzita rangu,"*** inongova pfungwa imwe chete iri kutevera mufungo mumwe nedonzvo rimwe chete. Izvi zvoreva izvo kuti kuva "pamwe chete kwavatendi" kunoreva kuwiriranawo pemweya kwavatsvene. Kubatana pamweya ndeicho chakakosha pazvose, pakati pavatendi; uye chivimbiso chokuti, "chose chamunokumbira kuna Baba vangu…muchachiitirwa" hachinganzwisisiki zvizere kana pasina kuwedzererwa aya manzwi anoti, "neni ndiripowo pakati pavo."

Kanapo zvichiita sokunge pakatakurwa pfungwa mbiri mumavhesi maviri iwaya, chokwadi chiripo ndechokuti, pane pfungwa imwe chete: iyo iri yokuti pose pane kubatana kwavatendi pamweya, vangave vashoma sei [vaviri kana vatatu], Mwari Baba neMwanakomana vanovapowo kuzopindura minamato neminyengetero yavo. Chivimbiso chokuti "neni ndiripowo pakati pavo" chinopihwa semhinduro kukuva pamwe chete kwavatendi, "kana… mukabvumirana pane chose chamunokumbira kuna baba vangu," chivimbiso chogova chokuti "muchachiitirwa."

Kuyanana Kunovaka Tabhenekeri yaMwari….

Ko Ishe Jesu vanoda kuti tibatisise nokunzwisisa chii muaya manzwi aya okuti "... neni ndiripowo pakati pavo"? **Chokutanga:** Ishe ari pakati pedu nemhaka yokuti isu savatendi tawiririrana (tabvumirana), tave vomwoyo nemweya mumwe chete, "kana…mukabvumirana" tave chinhu chimwe chete. Tsanganuro imwe cheteyo tinoiwana panaMaPisarema 133: "Tarirai, zvakanaka uye zvinofadza sei kana hama dzichigara pamwe chete mukubatana…nokuti ndipo pakaiswa kuropafadza kwaJehovha, ihwo upenyu husingaperi." Kuva pamwe chete paMweya savatendi kunovaka ugaro (Tabhenekeri) yaMwari muMweya (VaEfeso 2:22 *Uye maari nemiwo makavakwa pamwe chete kuti muve ugaro hwaMwari muMweya*.). Nokuda kwechokwadi ichochi kubatana chinhu chakakosha muupenyu hwavatsvene uye mukufambira mberi kweKereke yaKristu. Kupokana pakati pomunhu naMwari uye pakati pake nemumwe wokwake, sokurongwa kwazvaive zvakaitwa naMwari, ndiwo wakave mubairo wokutanga wechivi. [Ukama pakati pavaviri hwakava nechokuita kune wechitatu – Mwari. Nanhasi zvingori saizvozvo. Kukanganisika kwoukama pakati pedu kunokanganisawo kushanda kwaMwari pakati pedu.] Naizvozvo pakudzokera kwedu kunaMwari nguva dzose, kuwiriranа navamwe uye naiye Mwari, ndeicho chakakosha zvikurusa pazvose, nokuda kwokuti ndeapo chete pane kubatana panopihwawo makomborero aMwari, "nokuti ndipo pakaiswa kuropafadza kwaJehovha, ihwo upenyu husingaperi."

Kuva chinhu chimwe kunodzirisa upenyu hwedenga panyika, [kuda kwenyu ngakuitwe panyika sokudenga] uye saizvozvowo kupesana kwavatendi kunodururira marasha anopisa eGehena pakati pedu. Mushoko raMwari kwakanyorwa kuchinzi: "Vakaropafadzwa vanoyananisa nokuti vachanzi vana vaMwari" (Mateo 5:9). Kune rumwewo rutivi zvigonzi izvo avo vanokonzera kupesana, avo vanoisa zvigumburiso pamberi pavamwe, vanopikisana nedzidziso yatakadzidza (kubva kuna iye Jesu Kristu). Vakatukwa uye havana kukomborerwa (avo vanokonzeresa kusawiriranа pakati pava tsvene). Tinofanira kuva kuresa navo! (VaRoma 16:17). Chinzwa zviri kurehwa neshoko raMwari pano. Avo vanodzirisa kuyanana vanotiunzira Mwari pakati pedu: avo vanogumbura nekupesanisa vamwe vanodzinga Mwari pakati pedu. Kuburutsira Mwari pakati pavanhu, chikomborero chikuru chatinokwanisa kuita tichiri pano pasi. Kudhiriza, kumaramara nokupesanisa vamwe, tichidzinga Mwari mutemberi yake huSatani husina mukare akamboona.

Ziva Kuvapo KwaMwari…

Chechipiri: Ishe vanoda kuti tivaone kana vari pakati pedu, tokanda pamusoro pake kufunganya kwedu kwose nokuti iye anotichengeta (1 Petro 5:9). Kuva kwake pakati

pedu kune chinangwa chikuru: kuzobatsira avo vanomupa nzvimbo pakati pavo "neni ndiripowo pakati pavo." Ishe vedu vachiri kutsika pane ino nyika, avo vaimupa pokugara nokurara vaiita basa guru kwazvo muumambo, nokuda kwokuti kunonzi izvo Mwanakomana woMunhu aiva asina pokutsamidzira musoro wake. "Jesu akapindura achiti, Makava ane mwena yavo, shiri dzine matendere adzo, asi Mwanakomana woMunhu haana paangatsamidza musoro wake" (Mateo 8:20). Avo vaimupa pokugara nokutsamidza musoro wake vakawana makomborero anopfachukira esimba rake uye nokukomborerwa kukuru.

Saizvozvowo, nanhasi avo vanomupa pokugara nokutsamidza musoro wake, mumweya, vanomuitira zvakanaka zvikuru uye navowo vanowana makomborero akapfuura ayo avaiwana Ishe achatsika rino pasi netsoka dzake. "Jesu akapindura akati, 'Kana munhu achindida hwedu naye'" (Johani 14:23). Chikuru chatinofanira kubatisisa ndechokuti manzwi aya ari kureva panguva ino yatiri kurarama. Ndoreva ikozvino pachinguvana chiripo pakati pokuenda kwake kudenga naapo paachazodzoka rwechipiri achizotora Kereke yake. Apa haasizve kungoreva chete chipo ChePendakosti [choMweya Mutsvene] uyo wakavimbiswa kune avo vanotenda kwaari (Johani 7:39 *Nokutaura uku, akanga achireva zvoMweya Mutsvene, uyo waizogamuchirwa navaya vanotenda kwaari. Nokuti Mweya wakanga usati wapiwa, sezvo Jesu akanga asati apinda mukubwinya kwake.*), naMabasa 2:38-39 Petro akapindura akati, *"Tendeukai mubhabhatidzwe, mumwe nomumwe wenyu, muzita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, uye mugogamuchira chipo choMweya Mutsvene. Nokuti chipikirwa ichi ndechenyu navana venyu navose vari kure, navose vachazodanwa naShe Mwari wedu."*, ari kureva Jesu akamutswa kuvakafa anonogara pakati pevatendi ndokunge vamugadzirira nzvimbo, kubudikidza nokuwirirana kwavo pamweya, kanapo vangave vari vashoma [vaviri kana vatatu] (Johani 17:21-23).

"Nokuti panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu, neni ndiripowo pakati pavo." Manzwi aya anoratidzazve kuti nemhaka yei Ishe vari pakati pavaviri kana vatatu. Vanofanira kuungana muzita rake, izvi zvichireva izvo kuti mukuda kwake kwete kuda kwaava vaviri kana vatatu, vaungana. Apawo zvichireva izvo kuti, nyaya yokuda kwedu inofanirwa kukandirwa nokurasirwa kuresa nesu apo tinenge taungana muzita rake. Kuti vaviri ava vave chinhu chimwe chete [uye kuti Mwari ave pakati pavo] panofanira kuva nokuzviramba kwomumwe namumwe wavo, pasina kuzvikudza uye mukuzvininipisa achitarira kukuda kwomumwe wake: "Ivai norudo rukuru mumwe kune mumwe savadikani. Mumwe nomumwe wenyu ngaakudze mumwe kupfuura kuzvikudza kwaanozviita iye" (VaRoma 12:10,16 *Ndinokukumbirai zvikuru, hama dzangu, kuti muchenjerere vaya vanopesanisa uye vanoisa zvigumbuso pamberi penyu vanopikisana nedzidziso yamakadzidza imi. Muve kure navo. Nokuti vanhu vakadaro havasi kushumira Ishe wedu Kristu, asi dumbu ravo. Nokutaura kwakanaka uye nokubata kumeso, vanonyengera vanhu vane pfungwa dzisina uchenjeri.). "Musaita zvinhu nomwoyo wokuchiva kana wokuzvikudza, asi mukuzvininipisa muchionawo vamwe kuti vari nani kupfuura imi. Mumwe namumwe wenyu ngaarege kungotsvaga zvake chete, asi zvavamwewo"* (VaFiripi 2:2-3).

Kana kuzvikudza kusiripo pakati pavatendi, huvepo hwaMwari hunowanikwawo. Apa haisiri kureva kuti umunhu hahuvipo kwete, asi kuti kuzvikudza nokuzvida kunenge kwarasirwa kure, zita raJesu rova iro rinotonga. Mwari havatongi apo pari kutongwa nokuzvikudza uye nokuzvida. Kuzvikudza, kuzvida, kunofanira kurasirwa kure, "vaviri kana vatatu" vasati vaungana muzita rake. Kuti Mwari vadurure makomborero avo, pakati pavatendi, kuwirirana kunofanira kuva chisikwa chokutanga.

Tisakanganwe kuti icho chinokwevera Mweya Mutsvene pakati pedu kuwirirana nokuyanana pakati pedu savatendi. Kuzvida nokuzvikudza kunobviswa uye hakushandi. Kuzvida kunenge kuri matiri kana tichingogumburwa-gumburwa nezvinhu zvisina kana maturo. Kuzvida kuri matiri kana tichingowisirwa pasi nezvenyika ino uye nokuda kwayo. Kuzvikudza kwose kuri matiri kana kunyengera kuri kutonga matiri pane kuti tive vanokuzvininipisa.

Mwari vanowanikwa chete apo pasina kuzvikudza uye apo Kristu nezita ravo rinokudzwa nekurumbidzwa. Ishe Jesu pavanoti "Panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu, neni ndiripowo pakati pavo," vari kufunga nezvevaviri kana vatatu vanenge vasiya zvose kuzomutevera. Izvi zvichizokwanisira kuva kwavo temberi yaMwari. Kana paita saizvozvo Mwari vanofara zvikuru kuva pakati pavo. Mwari vanofara zvikuru kuva pakati pechaunga chinenge chauraya kwose kuzvida nokuzvikudza. Apo vaviri kana vatatu vanowirirana kuva pamwe chete pamweya, [muzita raJesu], Baba vari kudenga vanogara pakati pavo. Mwanakomana waMwari anouyawo kuzogara pakati pavo. Izvi zvinoburitswa pachena nemanzwi aJesu panaJohani 14:20-23. Muukama uhwu chete ndimo matinonzwisisa aya manzwi ake anoti. "Pazuva iroro muchaziva kuti ndiri munaBaba imi muri mandiri, uye ini ndiri mamuri. Ani naani ane mirairo yangu uye anoiteerera, ndiye anondida iyeye. Uyo anondida achadikanwawo naBaba vangu, neniwo ndichamuda uye ndichazviratidza kwaari. Kana munhu achindida achateerera udzidzisa kwangu. Baba vangu vachamuda, uye tichauya kwaari toita ugaro hwedu naye." Hapana ukama munaKristu hunopfuura uhwo hwunobudiswa panaMateo 18 naJohani 14. Mashoko aJesu pamusoro poMweya Mutsvene anoti "Ndine zvizhinji zvokutaura kwamuri, zvakawanda zvokuti hamungagoni kuzvitakura zvose iye zvino. Asi kana iye, Mweya wechokwadi, auya, achakutungamirirai muzvokwadi yose. Haatongotauri zvake; achataura zvaanenge anzwa uye achakuudzai zvichauya. Achauyisa kukudzwa kwandiri nokutora pane zvangu achizvizivisa kwamuri" (Johani 16:12-14), anongozozadziswa chete apo vatsvene vanange vari pamwe mumweya nemwoyo mumwe chete.

Kuungana Muzita RaShe…

Ko Ishe vanoreveiko namanzwi aya okuti, "panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu"? Hapanoi patiri kupotsa zvikuru savatendi nhasi. Anoreva iye kuti arikuzova pakati peavo vanowirirana mukutsvaga kuda kwake, kwete kuda kwavo, avo vanomukoshesa iye saIshe, kwete ndokunge pane zvavanoda uye zvavanofarira ivo. Icho chatinokoshesesa zvikurusa chingangova chimwari chedu. Kuvavarira zvedu chete kungangoita kuti tide Jesu nemhaka yokuti tinenge tichida rubatsiro rwake, kwete nemhaka yokuti tinomuda.

Somuenzaniso kune vaya vanofarira zvikuru utano hwakanaka; zvokuti chikuru chavanofarira chete kubva kuna Jesu isimba rokurapwa nokuporeswa. Tingangokoshesa zvose izvo zvakanaka zvatinoda zvokuti tinozguma toona Jesu senzira yokusvika paicho chatinofarira. Zvatinokoshesa zvose zvingava zvakanaka, sokubatana, kuwadzana, kana mutsurudzo, kana upenyu husingaperi, apo tinozonoona Jesu sechimugwagwa (Pincode) chokunowana icho chatinoda [nokufarira]. Kana tikaita zvose izvi [tine pfungwa iyi] hazvisiri muzita rake, asi kuti muzita nokuda kwedu uye tichida kuti zvose zviitirwe isu. Kunze kwokunge tamuda kupfuura zvose ndipo patinenge toita zvose muzita rake. Kana tichishuwira kuva kwake pakati pedu souyo anokwanisa kutibatsira chete kuwana izvo zvatinoda kupfuura iye, tichakatyamadzwa, nokuda kwokuti izvi hazvisi muzita rake. Ndeicho chakakosha chatiri kudzidza kubva kune aya magwaro atiri kuverenga. Tinakwanisa kukumbira izvo zvatinoda; tiri pamwe chete; asi kana zvisiri muzita rake, zvisingaitirwi iye, hapana zvizhinji zvatinowana. Kubva pachokwadi ichochi ndipo patinganzwisisa zvakanaka manzwi aya aJesu okuti: "Kana mukakumbira chinhu chipi zvacho muzita rangu, ndichachiita" (Johani 14:14).

Tinoda here kuva naJesu pakati pedu kuti agotisevenzesa zvizere mukuda kwake. Kana kuti tinomuda pakati pedu chete kuti zviendesere kuda kwedu nezvishuwo zvedu mberi. Kana chiri chokutanga [chokuda Jesu pakati pedu kuti agotisevenzesa zvakazara mukuda kwake], zvose zviri muzita rake, asi kana zviri zvedu nokuda kwedu [kumuda pakati pedu chete kuti zviendesere kuda kwedu mberi] tiri kurasika. Kuti tive NaShe pakati pedu, vashoma vedu [vaviri kana vatatu sokutaura kwaJesu] vanofanira kuwirirana, vari pamwe chete mumweya nemuzvokwadi. Tinofanira kusiya zvose tigotakura muchinjiko wake tichimutevera kwose kwaanoenda (Ruka 9:23 Ipapo akati kwavari vose, *"Kana munhu achida kunditevera, anofanira kuzviramba atore muchinjikwa wake zuva rimwe nerimwe agonditevera. Nokuti ani naani anoda kuponesa upenyu hwake acharasikirwa nahwo, asi ani naani anorasikirwa noupenyu hwake nokuda kwangu achahuponesa."*). Iye ndiye anofanira kubata hwose umambo. Kuzvininipisa (1 Petro 5:5-6 *Saizvozvo, imi majaya, muzviise pasi pavaya vari vakuru. Imi mose, pfekai kuzvininipisa kuno mumwe nomumwe, nokuti, "Mwari anodzivisa vanozvikudza asi anopa nyasha kuna vanozvininipisa." Naizvozvo, muzvininipise, pasi poruoko rune simba rwaMwari, kuti agokusimudzirai munguva yakafanira.*) uye kuzviisa pasi pomumwe namumwe tichitya Mwari (VaEfeso 5:21), ndiyo chete nzira yokurasira kuzvida kwedu kwose kure kure nesu uye kuti Jesu vagowana chinzvimbo chavo pakati pedu.

"Zvakanaka uye zvinofadza sei hama
Kana mukubatana dzichigara pamwe chete hama,
Zvakafanana namafuta adururirwa pamusoro paAroni,
Anoerera kundebvu dzake iye Aroni,
Anoburukira kusvika pamipendero yenguo dzake,
Zvinoita sedova reHerimoni paGomo reZioni.
Nokuti apa ndopakaiswa kwaJehovha, kuropafadza,
Uhwu ndihwo upenyu hunofadza husingaperi upenyu."

(MaPisarema 133:1-3)

[Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kuKereke. Tinotenda mukuwadzana pamweya kwevatendi vose munaKristu Jesu (Johani 13:34). Shingaira kuti uzviratidze pamberi paMwari, somunhu anogamuchirwa, mushandi asingafaniri kunyadziswa uye anonyatsoruramisa shoko rechokwadi. 2 Timoti 2:15]

TARISIRA ZVIKURU KUBVA KUNA MWARI

NaRich Carmicheal

(Chinyorwa chinotevera naRichard Carmicheal, chakanyorwa makore gumi nemashanu apfuura, asika mashoko ekurudziro ari machiri achiri mambishi sechanyorwa marimwe zuro. Pane zvandawedzerawo kuti zvinyatsoti dyoo uye kuti unyatsotapirirwa.)

Pakunopera kwomwedzi waChikunguru mugore ra2010 ini nedzimwe nhengo dzeHerald of His Coming takagara pasi takadendenedza mikungururwa yedzitsamba nezvisaga zvakati-kuti zvaive zvakatakura maHerald Of His Coming aNyamavhuvhu wegore iroro. Taive taunganira kuzokumbira kuna Mwari muminyengetero kuti vatipe mari nezvikwanisiro zvaidikanwa kuti titumire zvinyorwa zvose izvi kuvaverengi vedu pasi rose. Ndinokudza Mwari zvikurusa kuti nhasi uri kuverenga chinyorwa chomwedzi uno izvo zvinorevawo kuti Mwari havana kuzonotipa dzimari dzokutumidzira chinyorwa chomuna Chikunguru chete asiwo chomwedzi owoyo neyaitezovera. Mwari havana

kungotumira chete mari yokutumira dzitsamba namapepa neposvo asika vakatipawo nemharidzo dzakakodzera dzomwedzi uno. Isu vanoshandira mumahofisi eHerald of His Coming tinogara tichikatyamadzwa nerubatsiro rwaIshe kwatiri mukuunganidza izvi zvinyorwa kuti mapeji ose aya atinotanga nawo asina kana chinhu zvacho azodzwe nemharidzo dzinobatsira, kukurudzira, kusimudzira nokusimbisa kereke. Dai Mwari vakashanda zvakasimba muupenyu neushumiri hwako kuburikidza nemharidzo idzi dzinobva muzvinyorwa zvino.

Mwari Vedu Vane Upfumi Husingaperi…

(*Inzwai, imi vanhu vangu, uye ndichataura, imi Israeri, uye ndichapupura pamusoro penyu: Ndini Mwari, Mwari wenyu,* ***nokuti mhuka dzose dzesango ndedzangu, nemombe pamakomo chiuru****.* (Mapisarema 50:7, 10). ***Upfumi nokuremekedzwa zvinobva kwamuri;*** *ndimi mutongi wezvinhu zvose. Mumaoko enyu mune simba noushe kuti musimudzire uye musimbise vanhu vose.* (1 Makoronike 29:12)

Pandinofungisisa nezvezvipo zvenyasha zvaMwari kwatiri ndinorangaridzwa neizvo zvandakaona muupenyu hwangu izvo zvaishandiswa naMwari kundidzidzisa nezvedura ravo guru rezvokushandisa. Nerimwe zuva mushure mokupa mhodzi yekoroni kuzvitsindi zvatakavakirana nazvo, ndakatanga kufungisisa nezvouwandu hwekoroni yaivepo kuti tingopawo hedu zvitsindi izvozvi. Kanapo ini nomudzimai wangu tichidonhedzera chidungurwa chimwe chekoroni pazuva, nechokuseri kweimba yedu tine mabhagidhi gumi nefararira akazara nekoroni iyoyi. Hatina kurima iyi koroni kana kuitenga bodo asi kutoti takaipiwawo sechipo nababa vangu vane yakawanda koroni yavanopawo kuzvitsindi zviri muyadhi yavo. [Baba vangu] havasirivo vanoirima zvakare asi kutoti naivowo vanawo sahwira murimi wavo ane chipo chokungopa uyo anovabvumira kuti vanhonge koroni yokuti vapewo zvishindi zvavo. Nedzimwe nzira, haasiri ini nemudzimai wangu tiri kuyamura zvishindi izvi nezvokudya asi kutoti baba vangu nemurimi uye vanewo ruoko rwavanoisa mukurarama kwevitindi izvozvi. Kana zvishindi zvakatarira, pangori nedungurudzwa rimwe chete rekoroni zuva nezuva, asi ini ndinoziva kuti pane bhagidhi rakazara pamuu kana kutoti munda wose zvawo wekoroni wakatumirira. Asika apa zvinotopfuurira pamurimi, baba, uye ini nemudzimai wangu. Ndakatozo zvionawo zuva iroro kuti pamhedzisiro yazvo ndiMwari vari kupa kudya kuzvishindi izvi. Ndivo vakakonzera kuti mhodzi imere, nokuti ipe zvibereko zvakapetwa pane zvakasimwa. Ndivo vanopa mushana nemvura inonaya, izvo zvinodiwa nekoroni kuti ikure. Koroni iyi chikomborero kubva kwavari Mwari. Uye havana munda mumwe chete kana vimindazvakati kuti zvekoroni, asi kutoti munda wose wekoroni ndewavo – nemimwe minda yose zvakare. Hongu, haingori minda yekoroni chete, asiwo makomo, makungwa, matenga nepasi rose. “Nyika ndeyaJehovha nokuzara kwayo. Nyika yose ndeyake uye) navageremo.” “Jehovha, iye Mwari, ndiye akataura, akadana pasi pose kubva pakubuda kwezuva kuswikira pakuvira kwaro” (Pisarema 24:1; 50:1). Uye pamusoro pazvose ndivo muridzi wepasi rose panove ndipo pakadengeredzwa yedu nyika. Upfumi hwake hwakakura uye hahuna magumo. “Nokuti mhuka dzose dziri kudondo ndedzangu, nemombe pamakomo anechiuru chamazana” (Pisarema 50:10).

Mwari Vanokwanisa Kuzadzikisa Zvishuwo Zvemwoyo Wako…

(*Mwari wangu achazadzisa zvamunoshayiwa zvose maererano nokubwinya kwepfuma yake muna Kristu Jesu.* VaFiripi 4:19. *Uye Mwari anogona kuita kuti nyasha dziwande kwamuri, kuitira kuti muzvinhu zvose, panguva dzose, muine zvose zvamunoda, muchakwanisa kuita mabasa ose akanaka.* 2 VaKorinde 9:8).

Hapana kufungidzira kuti Mwari vanokwanisa kusanganirana zvishuviro zvemhuka nezvomunhu wose anotarira kwaari. *“Meso avose anotarira kwamuri. Munovapa zvekudya zvavo panguva yakafanira. Munotambanudza ruoko rwenyu. Ndokugutisa zvipenyu zvose. Jehovha akarurama panzira dzake dzose. Ane nyasha pazvose zvaanoita”* (Pisarema 145:15-17 yawedzererwa kuti zvinyatsonzwika). Chokwadi chinodzokororwa nokudzokorodzwazve mumagwaro Matsvene ndechokuti Jehovha mupi vakavimbika vane upfumi husina magumo kuti vazadzikise kushaiwa kwedu. Chokwadi ndechokuti, havangokwanisi chete “kuzadzikisa kushaiwa kwenyu kwose pafuma yake mukubwinya munaKristu Jesu” (VaFiripi 4:19), Asiwo “vane simba rokuita zvikuru kwazvo zvinopfuura zvose zvatinokumbira kana zvatinofunga nesimba rinobata mukati medu…” (VaEfeso 3:20). Ishe Jesu vanotidzidzisa kuti titarire machengetero anoita Baba vedu vari kudenga shiri dzemudenga nemapfekedzero avanoita uswa uye nesuwo tigova nekutenda kuti vachaita kwatiri zvakapfuura izvozvo. “Tarirai shiri dzokudenga hadzibvari hadzicheki hadziunganidzi asi Baba venyu vokudeanga vanodzipa zvokudya [panguva yakafanira]. Ko imi hamudzipfuuri zvikuru here? Fungai maruva ebundo kumera kwawo, haabati haaruki, asi ndinoti kwamuri kunyange nnaSoromoni pakubwinya kwake haana kushongedwa serimwe rawo” (Mateo 6:25-30). Zvakare Jesu vanotirangaridza kuti, “Kumbirai muchapiwa. Tsvagai muchawana. Gogodzai muchazarurirwa. Nokuti mumwe namumwe anokumbira unopiwa, unotsvaka unowana, unogogodza unozarurirwa” (Mateo 7:7-8). Zvino kana isu takaipa, Jesu vanoenderera mberi, tichiziva kupa vana vedu “zvakanaka, Baba vedu vari kudenga vachapfuvirisa Seiko kupa zvinhu zvakanaka ivo vanokumbira kwavari” (Mateo 7:11). Tinokwanisa kukumbira tinokutenda kwakasimba nokuti tinoziva kuti Baba vedu vari kudenga vanoziva zvatinoshaiwa tisati tatambo vakumbira. Kuchengetedza nokupa kwaMwari kwatiri, kunopfuurira kuzvinodikana nenyama. Unoda here kunyaradzwa?

NdiMwari wokunyaradzwa kwose, (2 VaKorinde 1:3). *"Mwari ngavavongwe, ivo Baba vaIshe wedu Jesu Kristu. Baba vengoni, Mwari wokunyaradzwa kwose, iye anotinyaradza pakutambudzika kwedu kwose, kuti isu tive nesimba rokunyaradza vari mukutambudzika kupi nokupi, nokunyaradzwa kwatinonyaradzwa nako naMwari." Unoda here nyasha? "Mwari vanogona kukuwanzirai nyasha dzose kuti nguva dzose muve nokuringana kwose pazvose, kuti muwanze mabasa ose akanaka"* (2 VaKorinde 9:8).

Unoda here rugare? Vane rugare runopfuurira kunzwisisa kwose, "Zvino rugare rwaMwari runopfuura kunzwisisa kwose, rucharinda moyo yenyu nemifungo yenyu muna Kristu Jesu" (VaFiripi 4:7). Unoda here mwoyo munyoro netsitsi? "Tarirai vakatsunga moyo, tinoti vakaropafadzwa: makanzwazvokutsungirira kwaJobho, mukaona Ishe zvavakavavarira naye, kuti Ishe anomwoyo munyoro kwazvo, unetsitsi" (Jakobho 5:11). "Nokuti tsitsi dzavo hadziperi. Mangwanani ose zvava zvitswa, kutendeka kwenyu kukuru" (Kuungudza 3:22). Unoda here kuchengetedzwa? "Jehovha achakuchengeta pazvakaipa zvose. Achachengeta mweya wako. Jehovha achakuchengeta pakubuda kwako napakupinda kwako. Kubva panguva ino kusvikira pakusingaperi" (Pisarema 121:7-8). Unoda here simba? "Ishe wedu mukuru; anesimba guru uy enjere dzake hadziperi" (Pisarema 147:5), uye "vanokwanisa kukubatsira kuti ubve pachinhanho chokubwinya uchienda pane chimwe chinhanho chokubwinya" (Pisarema 84:7). Unoda here kutsungirira? NdiMwari "wokutsungirira nowokunyaradza" (VaRoma 15:5). Unoda here kudzivirirwa nehuvepo hwake? Unokuvimbisa kuti haatongokuregi uye haakusiyi. Unoda here upenyu pamweya?

Anokupa zvinopfachukira (Johani 10:10). Unoda here njere neungwaru? "Zvino kana mumwe wenyu achishaiwa kuchenjera ngaakumbire kunaMwari uyo unongopa vose asingasariri…" (Jakobho 1:5). Aripo here waunoziva ari kuramba ruponiso? Mwari vanogona kuita zvisingabviri? (Mako 10:27) uye "vanesimba rokuponesa kwazvo-kwazvo avo vanouya kuna Mwari naye [Jesu], zvaanorarama nokusingaperi nkuti avareverere" (VaHebheru 7:25). Unoda here rubatsiro kut ukunde miedzo? "Mwari vakatendeka haangatenderi kuti kuti muidzwe kupfuvura pamunogona napo, asi pamwe chete nomuidzo iye achakupai vo nzira yokubuda nayo, muve nesimba routsunga." Unoda here kuporeswa? NdiIshe vanoporesa zvirwere zvako zvese (Pisarema 103:3). Unoda here kuva mutsvene? NdiMwari vanogona kukuita mutsvene, agochengeta mweya wako, nomwoyo nomuviri, paisina zvazvingapomerwa. Unoda here kugezwa kubva kuzvivi? Ropa reMwanakomana wake rinogona kukunatsa kubva kuzvivi zvose. "Asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari muchiedza tinoyanana isu; neropa raJesu Kristu Mwanakomana wake rinotinatsa pazvivi zvose." Unoda here kururamiswa. Ruoko rwake "rworudyi ruzere nokururama" (Pisarema 148:10). Unoda here kuva netariro? NdiMwari vetariro avo vanogona kukuzadza nemufaro, norugare pakutenda kwako kuti uve netariro yakawandisa. "Zvino Mwari wetariro ngaakuzadzei nomufaro wose norugare pakutenda kwenyu kuti muve netariro yakawandisa nesimba roMweya Mutsvene" (VaRoma 15:13). Unoda here rudo rwaMwari? Rudo rwake muna Kristu rune urefu, ufaru, hudzamu noudzamu hunopfuurira kunzwisisa kwose. (VaEfeso 3:18-19). Unoda here kusunungurwa? Mwanakomana wake ane chokwadi chinokusunungura, "kana Mwanakomana akakusunungura uchasununguka zvachose" (Johani 8:36). Unoda here kukunda? "Ukuru ndohwenyu Jehovha, nesimba nokubwinya, nokukunda noumambo, nokuti zvose zviri kudenga nezviri pasi…" (Makoronike 29:11).

Hongu ndingaramba ndichienda nokuenda. Chose chaunoda, Mwari vanozvo nouwandu kuti vakupe. *"Ravirai henyu muone kuti jehovha akanaka. Akakomborerwa munhu anovimba naye… Vana veshumba vanoshaiwa, vanofa nenzara; asi vanotsvaga Jehovha havana chinhu chakanaka chavangashaiwa"* (Pisarema 34:8-10).

Tarisira Zvikuru Kubva Kuna Mwari…

Papeji yetanhatu, muHerald of His Coming yaSeptember 2010 pane muunganidzwa weminamato nezvimwewo zviverengwa, zvakanyorwa nevechiPuritan. Mumwe munamato uri mubhuku rakaburwa minamato iyi unotidanira kunyasha dzokupa kwaMwari.(Mariri munyori anodetemba anoti.)

"Chinopfuura renyu simba hapana,
Chingava chipi chamunotadza hapana,
Chakanaka chamungatadza kut'pa hapana,
Renyu simba Ishe harina magumo,
Rwenyu rudo Baba vangu haruna chipimo,
Dzinobwinyisira tsitsi dzenyu,
Kwatiri ruponiso chairwo nezita renyu"

Munamato iwoyo unoenderera mberi nezvichemo zvakati kuti uye unoguma neaya manzwi, "Ndokumbira zvinhu zvikurusa kubva kuna Mwari Mukuru." Zvechokwadi ndiMwari mukuru, vane mhinduro kuminamato yako. Zvininipise pamberi pake uye tsvaga uso, umambo nokunaka kwake. Durura mwoyo wako kwaari uye durura kushaiwa kwako kwose pamberi pake nokuti vane hanya newe (1 Petro 5:7). Vimba naye nomwoyo wako wose uye vachazviratidza kwauri. Upfumi hwavo hahuna magumo uye hunyoro hwake hwakasvika kudenga denga (Pisarema 36:5). "Avo vanoziya zita renyu vachavimba nemi; nokuti imi Jehovha hamuna kurasha vanokutsvakai" (Pisarema 9:10).

Zvanzi naJehovha, akakusika Jakobho, iye akakuumba iwe Israeri: "Usatya, nokuti ndakakudzikinura; ndakakudana nezita rako; uri wangu. Paunopfuura nomumvura zhinji ini ndichava newe; uye paunopinda nomunzizi, hadzizokukukuri. Paunofamba nomumoto, haungazotsvi; murazvo haungazokupisi. Nokuti ndini Jehovha, Mwari waIsraeri, Muponesi wako..." Isaya 43:1-3

ZVATINOTENDA SEMHARIDZO YOUKUUYA KWAKE

1. **Tinotenda** kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo rune chiga kana shoko rokuguma panyaya dzose dzokutenda. (2 Timoti 3:16).

2. **Tinotenda** kunaMwari mumwe chete uyo anozvirakidza muutatu: Mwari Baba, Mwari Mwanakomana uye Mwari Mweya Mutsvene (Mateo 28:19).

3. **Tinotenda** munaIshe Jesu Kristu, kuzvarwa kwavo nemhandara Mariya, hupenyu hwavo husina chivi, muzvishamiso neminana yavo, mukuponeswa kunobva murufu rwavo, Kubudikidza neropa ravo, kumuka kwavo kubve kuvakafa, nokukwira kwavo vachinogara kurudyi rwechigaro chaBaba uye mukudzoka kwavozve musimba nokubwinya.

4. **Tinotenda** kuti, kuti pave noruponeso kuvakarasika, kuzvarwa patsva noMweya kunofanira uye kwakakosha zvikuru (Johani 3:3-7; 1 VaKorinde 12:3).

5. **Tinotenda** muushumiri hwaMweya Mutsvene nhasi, uyo anozadza nokukwanisira muKristu kuti ararame upenyu hutsvene nokufadza Mwari (VaGaratia 2:20).

6. **Tinotenda** mukumuka kwovakafa, vakarasika vanomukira mukuraswa, vatsvene vachimukirawo kuupenyu husingaperi (Ruka 21:27; Mabasa 1:1-11).

7. **Tinotenda** mukuwadzana pamweya kwevatendi vose munaKristu Jesu (Johani 13:34).

8. **Tinotenda** kuti Mwari havana kurasa rudzi rwavaIsiraeri. Rudzi rwaIsiraeri ndevakasarudzwa vaMwari uye ruchine chikuru chokuita muurongwa hwaMwari mukuponesa nyika, saka nanhasi isu tinofanira kuropafadza nokunyengeterera nyika yaIsiraeri sokureva kweShoko ravo (Genesis 12:2).

ISHE JESU KRISTU VARI KUVAKA KEREKE YAVO

Na Ted Rendall

"Paruware urwu ndichavaka Kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi" [Mateo 16:18].

Pane nhivi mbiri dzokutarira nadzo ushumiri hweivhangeri nhasi. Pane divi romunhu [izvo zvinofanirwa kuitwa nowenyama], uye divi iri tinonyatsoriziva tose. Tinogaronzwa, ingawani, nezvekokero kuushumiri, matambudziko anowanikwa nokusanganwa nawo mukushumira mamwe marudzi [netsika] uye nezvamasuwo akapfigirwa kuushumiri. Zvose izvi kusanganisira nezvimwewo zvakawanda-wanda [zvine chokuita uye] idivi romunhu. Asiwo panewo rimwe divi–divi raMwari, uye pana Mateo 16:18 Ishe Jesu Kristu vanopa mashoko pamusoro pokuvakwa kweKereke yavo.

"Ndichavaka Kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi" [Mateo 16:18]. Zvakakosha kwazvo kuti tibatisise chiga ichi choushumiri hweivhangeri. Zvakafanirisazve [zvakare] kuti tigare tichifunganya nezvazvo. Tikatarira chete kudivi romunhu, [kuizvo zvinofanirwa kuitwa nemunhu wenyama] – somuenzaniso matambudziko oushumiri, masuwo akapfiga, namazimirioni avasati vasvitswa neshoko raKristu – tingangorasa mbereko zvachose yokuti basa raMwari rinokwanisika kuitwa. Asika nguva nenguva apo tinofuratira divi romunhu tichitarira kudivi raMwari, tinowana kurudziro nedziviriro mukubata basa ratakapiwa [basa roushumiri]. Chatinofanira kuziva zvakare ndechokuti divi raMwari haripokani bodo nerumunhu. Bhuku yaMabasa inoyanika pachena nhivi mbiri idzi dzichibata pamwe chete zvinonwisa mvura. MuKereke yokutanga Ishe, [Mumuka kuvakafa] navapositori vake vaishanda pamwe chete somusoro nomuviri kuzadzikisa kutumwa kukuru uko, kwakapiwa kuKereke. Charles Spurgeon akakumbirwa nerimwe zuva [muhurukuro yake] kuti ayananise nhivi mbiri idzi, [divi raMwari nerumunhu] akapa mhinduro achiti, "Hazvina kufanira kuti ndiite saizvozvo, nokuti hazvina kumbobvira zvakapatsanuka". Ndiwo anofanira kuva maonero edu iwayo pose apo tinotarira nhivi mbiri idzi dzoushumiri hweivhangeri. Mashoko aKristu pana

Mateo 16:18 achatibatsira zvikuru mukuedza kwedu kunzwisisa ushumiri kubva nekudivi raMwari. Kristu vanotaura nezvoMuvaki, Chivakwa uye nezvehondo. Zvose izvi tinofanira kuzvinzwisisa nokuzvibatisisa uye zvichienzanirana, kana tine shuwira yokuona ushumira namaonero aKristu.

MUVAKI WEKEREKE…

"Ndichavaka Kereke yangu." Kuvazhinji vedu nhasi manzwi aya akajairika zvikuru, zviya zvokuti makoshesero, namaonero akavapo kuvateereri vokutanga pavainge vakateerera Jesu vachitaura, kwatiri arasika. Tinoverenga mitsara iyi, kana kunzwa ichiverengwa, tigogutsirira misoro yedu asi zvisingapindi nokuperera mudzindangariro dzedu. Zvingatibatsira zvikuru, kana tikatora manzwi aya sopakutanga. Uye kana tikaita saizvozvo, pane zvinhu zvitatu pamusoro pomuvaki zvinobuda pachena zvakare zvinofanira nkutarisiswa.

CHIMIRO CHOMUVAKI WEKEREKE…

Chokutanga, tinofanira kubvunza pamusoro pezita romuvaki. Ndianiko uyo anotaura aya mashoko, "ndichavaka kereke yangu"? Zviri pachena kuti Jesu vakatorawo mubvunzo uyu sowakakosha zvikuru, nokuda kwokuti izvo, sezvakanyorwa munyaya imwe chete, vakatombenge vasimudza nyaya imwe cheteyo: Inzwa, 'Jesu akati asvika mudunhu reKesaria Firipi, akabvunza vadzidzi vake akati, 'Ko vanhu vanoti Mwanakomana woMunhu ndianiko?' Vakati vamwe vanoti muri Johane mubhabhatidzi, vamwewo vanoti Eria, vamwewo vachiti Jeremia kana mumwe wavaporofita''. 'Akavabvunzazve akati, 'Ko imi munoti ndiri ani? Simoni Petro akapindura akati 'Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu''. Jesu akapindura akati "wakaropafadzwa iwe Simoni mwanakomana waJona, nokuti izvi hazvina kuzarurirwa kwauri nomunhu asi naBaba vangu vari kudenga. Ndinoti iwe ndiwe Petro, uye paruware urwu ndichavaka Kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi" [Mateo 16:13-18]. Nyatso tarira kuti nyaya iyi yakatanga ingori nyayawo zvayo asi ikazoguma yave nyaya inechokuita newe: 'Ko vanhu vanoti Mwanakomana womunhu ndianiko?'…'Ko imi munoti ndiri ani?

Mubvunzo wakatanga uchiti "Vanhu vanoti kudii" ukazonoguma uchiti, "imi munoti kudii"? Inzwa mudikani Ishe Jesu havagutsikani nemhinduro inobva muruzha rwavazhinji! Vanoda mhinduro inobva pamuromo wako iwe pachako, iwe mbune. Nyaya iripo ndeiyi, hapana mubvunzo wakakosha mupasi rose zvaro pane iwoyu: Jesu ndiani?

Ndianiko iyeyu anodanidzira noushingi kuti, "Ndichavaka kereke yangu?". Iwe pachako ndiwe unofanira kuupindura mubvunzo iwoyu. Yakagadzikana zvakanaka here mupfungwa dzako nyaya iyi? Wamupindura here Jesu kumbvunzo iwoyu? ['Ko iwe unoti ndiri ani?] Wataura zvichibva muzvadzika dzika here, kubva mukati-kati momwoyo wako sokuvhenekerwa kwaPetro paakapindura achiti, 'Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu''?

Imbonyatsofunga mudikani. Jesu weNazareta, guta diki, raive risina maturo munyika yakare, uyo aionekwa somwana womuvezi, ndiye akashamarara manzwi aya, "ndichavaka kereke yangu". Kunze kwokutenge ari Mwanakomana waMwari, chokwadi zvose zvaaitaura apa hwaizove upenzi chaihwo hwenzenza yechitendero yaingopengerekawo zvayo nenyika. Asika kana ukatenda kuti ndiye Mesiya akavimbiswa, Mwanakomana waMwari mupenyu, zvose zvaanotaura pano zvine ungwaru, zvakarongeka, uye zvine chokwadi.

SIMBA ROMUVAKI…

Chechipiri chinosimudzwa namanzwi iwaya okuti, "ndichavaka kereke yangu" isimba romuvaki. Mune mapatya ezvivimbiso mumanzwi iwaya, "ndichavaka Kereke yangu", uye "ndichakupa kiyi dzoumambo hwedenga."

Zvose zvinoratidza simba gurusa (kubva kumuvaki). Mumanzwi iwaya tinotenda isu kuti Jesu vaive vakatarira kunguva yaive mberi, nguva yaitevera kufa nokumuka kwavo. Anditi unorangarira kuti maive mushure mokumuka kwavo pavakati, "Simba rose rokudenga narapanyika rakapiwa kwandiri"? [Mateo 28:18] Masanganiswa musimba iroro raive simba rokuvaka Kereke yake uye kupa vapositori makiyi okudenga. Zvinombokusvikira here kumbova nemufungo unoti, Ko Jesu basa iri vacharipedza here? Vane simba rakakwanirana here nebasa iri?" Kana uchimbofunga saizvozvo, batisisa mashoko avanotaura apa- zvose zviri mumaoko avo. ("Simba rose rokudenga narapanyika rakapiwa kwandiri").

CHIPOROFITA CHOMUVAKI…

Chechitatu chinosimudzwazve nehurukuro yaJesu mumanzwi aya "ndichavaka kereke yangu" chiporofita chomuvaki. Imbozviisa zvishomanana pachinhanho chavadzidzi pavainge vakateerera Jesu vachitaura. Chokutanga pamatama ake pakabuda chiporofita ichi "ndichavaka kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi" Kungonzwa chete mashoko iwaya ipapa vadzidzi vakatanga kuzviona savakundi nokupfuurisa. Asika, ngatiimbomira zvishomanana ipapa mudikani! Pana Mateo 16 vhesi ya21 tinoverenga aya mashoko: "Kubva panguva iyoyi Jesu akatanga kutsanangurira vadzidzi vake kuti anofanira kuenda kuJerusarema kundotambudzwa zvizhinji mumaoko avakuru navaprista vakuru navadzidzisi vemirayiro uye kuti anofanira kuurayiwa nokumutswazve pazuva retatu".

Uhwu hwaive uporofita pamusoro pomuchinjikwa wake. Ungangozviemura kuti, apa vadzidzi vakakatyamadzika zvikuru. Norumwe rutivi anotaura nezvokuvakwa kweKereke yake; dzokonokei otaurazve nezvomuchinjikwa wake. Arikuvatsanangurira nezvokuvakwa kweKereke yake, pidigu otaura nezvorufu rwake pamuchinjikwa. Anotaura nezvekukunda kunopfuurisa, chiripocho anotaura nezverufu netsaona. Tinotenda Mwari zvikurusa kuti zvakapiwesu nhasi kunzwisisa mudodorongwa neukoshi hwechiporofita

ichi. Tinoziva zvakare kuti chakatanga muchinjikwa teverei chivakwa cheKereke. [Chakatanga rufu rwake kuti pagove nokumutswa kweKereke yake tsvene]. Asika, wakambozvifunga here kuti zvaive zvakaoma sei kuvadzidzi vake, avo vaikoshesa utongi hwaMesiya, kutambira manzwi aJesu iwaya? Pose patinofunganya nezvoMuvaki, tinofanira kubatisisa kuti Jesu ndiye Mesiya, Mwanakomana waMwari; kuti ndiye akapiwa simba rokuvaka Kereke yake, uye kuti kanapo aive akatarirana nomuchinjikwa akasimbiswa nemuono iwoyu weKereke yaizovapo nokuda kworufu rwake. Hongu aive mwanakomana waJosefa muvezi, asika aiva nechimwe chivezwa chourongwa chaaive akapiwa kupfuura vose zvavo vavezi vapanyika.

CHIVAKWA…

Mushure mokutarira chimiro chomuvaki, ngatitendeukirei zvino kuchivakwa chaanotaura nezvacho. "Paruware urwu ndichavaka kereke yangu". Mubvunzo wokutanga ndeunoti, ndianiko nheyo yechivakwa ichi? Heano manzwi aJesu kunaPetro, "Ndinoti iwe ndiwe Petro, uye paruware urwu ndichavaka kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi" [vs 18]. Pane chiga chikuru chokudurira shoko chingangotibatsira panyaya iyi. Mukudzidza mamwe manzwi akaomarara eShoko raMwari tinofanira kubvumira shoko kuungira nokudurira rimwe shoko. Izvi zvinoreva kuti tinofanira kubvumira mamwe manzwi kuti ave chiero mukududzira Mateo 16:18. ["Paruware urwu ndichavaka kereke yangu] Heanoyi manzwi aVaKorinde vokutanga 3:9-11: "Nenyasha dzandakapiwa naMwari, ndaronga nheyo somuvaki akachenjera, uye mumwewo ari kuvaka pamusoro payo. Asi mumwe nomumwe ngaachenjerere kuti ari kuvaka sei pamusoro payo. Nokuti hakuna mumwe angaronga dzimwe nheyo kunze kwaiyo yakarongwa kare, inova ndiyo Jesu Kristu". Mumashoko aya mupositori Pauro vanosima chokwadi chikuru chokuti Nheyo yeKereke ndi Kristu. Zvisinei namadudziriro atingaita Mateo 16:18, hazviiti zvachose kuti titi isu Petro ndiye akava nheyo yeKereke. Kana naiye Petro anopupurawo wani kuti Jesu ndiye nheyo yekereke (1Petro 2:4-7).

Zvakataurwa naJesu apa kuvadzidzi vake zvingangova zvokuti, "Ndaakunovaka Kereke yangu, uye ndaakunoivakira pamusoro pangu, ini Mwanakomana waMwari mupenyu senheyo". "Paruware urwu ndichavaka kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi" Ko zvitina zvechivakwa ichi ndezvipi? Ishe Jesu vanoti ivo 'ndichavaka kereke yangu"– hongu, asi vachaivaka nei? Mupositori Petro, anova ndiye akaturirwa aya mashoko, anopindura mubvunzo uyu. Achinyorera vatsvene Mupositori anoti iye, "Sezvamunouya kwaari iye Ibwe Benyu, rakarambwa navanhu asi rakasarudzwa naMwari uye rinokosha kwaari, nemiwo samabwe muri kuvakwa muimba yomweya kuti muve uprista hutsvene muchipa zvibairo zvomweya zvinogamuchirwa kuna Mwari kubudikidza naJesu Kristu". Jesu varikuvaka Kereke yavo pasi rino, uye vari kushandisa vanhu samatombo okuvaka temberi yake. Kubva mupasi rose zvitina zviri kunamatidzirwa muimba iyi tsvene. Ishe havasi kushandisa ngirozi dzedenga semidziyo yokuvaka temberi yake. Vakasarudza kushandisa varume navakadzi "samabwe matsvene". Muhurukuro iyoyi munobva chiga chakakosha zvikuru. Testamendi Itsva hainongedzeri mudhuri seKereke. Kereke vanhu. Jesu Havana kumbenge vachitarisira chivakwa chamabwe pavakataura mashoko iwaya, "ndichavaka kereke yangu". Vakange vane chionwa chavanhu, vakadzikinurwa neropa rake uye vakazadzwa neMweya Mutsvene. "Paruware urwu ndichavaka kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi".

HONDO…

Muhurukuro yavo naPetro Jesu vanoti ivo, "Paruware urwu ndichavaka Kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi". Chimwezve chiri mumanzwi aya ifembero yokurwa kwaizovapo pakati paKristu neKereke yake ne ["masuwo eHadhesi"]. Ko mashoko aya "masuwo eHadhesi" anorevei chaizvoizvo? Chimwezve chatinofanira kubatisisa ndechokuti kana tichiverenga Shoko raMwari tinofanira kuziva kuti harina kunyorwa mumakore anhasi. Mumaguta akare chinhu chaive chakakosha aive masuwo. Masuwo aimirira zvinhu zviviri zvakakosha zvakakosha kwazvo, dziviriro uye mifungo. Imbotora somuenzaniso dziviriro. Pana Isaya 45:2 Mwari vanoti ivo kuna Sairasi, "Ndichaenda mberi kwako uye ndichaenzanisa makomo; ndichaputsa masuwo endarira uye ndichacheka ndigopinda napamazariro esimbi". Apa zvireva kuti izvo Mwari vaizobvumira Sairasi, mutongi we Medo-Persia, kupfuurira nomumasuwo eguta reBhabhironi. Ana Mwari parutivi rwake, Sairasi aizopinda nokuputsa masuwo eguta reBhabhironi.

Asika, mumazuva akare "masuwo" aimirirawo "mifungo". Paive pamatare pedyo namasuwo eguta apo vakuru veguta vaigara vachikurukura, kukakavadzana uye nokufunganya. Achitsanangura nezvomudzimai ane hunhu hwakanaka panaZvirevo 31, munyori anotipa mashoko aya: "Murume wake anoremekedzwa pasuo reguta, kana agree pakati pavakuru venyika" [25]. Ko anange achiitei pamasuwo eguta? Chokwadi ndechokuti anenge achishanda shandawo zvimabasa, achipa mifungo ine chokuita neramangwana reguta. Ko manzwi okuti "masuwo eHadhesi". Gehena [Hell] rinoreva "hadhesi" mururimi rwechiGiriki. Hazvingadaro kuti Jesu vaitarira kukudzikinurwa kweKereke yake nhai? Agovimbisa vanhu vake kuti vaizokunda zvakare pakumuka kuvakafa? Masuwo eHadhesi haazokuriri kereke, zvokurambidza vatsvene kumuka kuvakafa. Kana kuti Jesu vakashandisa manzwi "masuwo eHadhesi" segudzira mukanwa. Imbonzwawo kuti Dhokotera Douglas Bannerman vanotsanangura sei: "Chimiro chinoyemurika uye chinesimba chatinowana pa 'masuwo eHadhesi'. Anopa pfungwa yesimba guru rinobva mukati kati moumambo hwerima, uye nyika yomweya, yakatsigirwa nesusukidzo

namasimba kufanana nemisangano yamasuwo yamaguta akare okumabvazuva".

Zvichienderana nedudziro iyi, manzwi aya anorakidza kuti Jesu akange aona mafashamu namafashamu esimba rowakaipa achidururirwa pamusoro peKereke yake, asi chivimbiso chake ndechinoti: "Ndichavaka Kereke yangu, uye kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi" apa zvichireva izvo kuti masimba owakaipa haazofi akatsvaira Kereke yaKristu. Satani angaronga hake zvaanoda uye agozoedza ose manomano nengirozi dzake asi chokwadi chiripo ndechokuti haazofi akatsvaira (kana kukoromora) Kereke yaKristu Jesu. Kana tikafunganya nezvechiporofita chaKristu ichi uye tichizvibvunza kuti, "Ko izvi zvakazadzikiswa here?" mhinduro inemusindo ndeinoti hongu! Tarira uone kutekeshera nokukura kweKereke yaKristu munyika ipi zvayo yepasi rino. Ugorangarira here kuti Satani aedza napose paanogona, mukati nokunze, kuedza kuparadza Kereke yaKristu, asika kunyange masuwo eHadhesi haakuriri Kereke yaiShe mupenyu uye uyo arikudzoka zvakare. Enderera mberi [hama yangu] wakabatisisa chokwadi ichi muhana yako. Zvinyore pahwendefa yemwoyo wako, uye ugozvitsimbidzira kasingaperi). "Paruware urwu ndichavaka Kereke yangu, kunyange masuwo eHadhesi haangaikundi".

Chakanyorwa ichi chikapindurirwa nemvumo yomunyori. Dr Rendall mudzidzisi mukuru wapaOlford Ministries International.

ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI...

ZVOMBO MUKUDZIDZA SHOKO RAMWARI

Na MUFUNDISI ZIVAI SHOKO

"Zvino ndinokuisai kuna Mwari nokushoko renyasha dzake, iro rinogona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati peavo vakaitwa vatsvene" [Mabasa 20:32].

"Uswa hunooma uye maruva anowa, asi shoko raMwari wedu rinogara nokusingaperi" [Isaya 40: 8].

Kusangana kwatiri kuita zvakare hama vadiwa muchinyorwa chedu chino, cheZvidzidzo zveBhaibheri. Sokutaura kwangu muchinyorwa chapfuura zvinyorwa zvinotevera zvakaitirwa kuti zvikubatsire iwe mukunzvera nokunzwisisa Bhaibheri, shoko raMwari. Kana mucharangarira vadikani, muchinyorwa chapfuura ndakati ini pane zvikuru zvakakosha kwazvo zvaunofanira kuziva nokubatisisa somuKristu pose pose zvapo apo unenge watarisana neShoko raMwari. Chokutanga ndakati ini: "Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, uye runobatsira pakudzidzisa, kurayira, kutsiura nokurairidza mukururama, kuti munhu waMwari [Johani1:12; 1Johani 3:1] akwaniswe kwazvo agadzirirwe pamabasa akanaka". [2Timoti 3:16] Mukutsigirana namashoko iwaya mupositori Petro anoti iye, "munofanira kunzwisisa kuti chiporofita chorugwaro hachina kuuya nokungodudzira kwomuporofita pachake oga. Nokuti hakuna chiporofita chakatongouya nokuda kwomunhu [wo zvake], asi vanhu vakataura zvaibva kuna Mwari vachisundwa noMweya Mutsvene [waMwari]". [2 Petro 1:20]. Naizvozvo chokwadi chiripo uye chisina ani anopikisa ndechokuti, Bhaibheri, ishoko raMwari, rakatakura, uye rakagukuchira mifungo yaMwari. Mushoko raMwari munotaurwa mashoko ouchenjeri pavanhu vakuru asi kwete uchenjeri hwenyika ino, kana hwavabati venyika ino. Bhaibheri rinotaura nezvouchenjeri hwaMwari hwakavanzika hwakadzika dzika, uchenjeri hwakange hwakafukidzwa nokuputirwa uye hwakatemerwa kubwinya kwedu naMwari nyika isati yavapo.

Chechpiri ndechokuti: Magwaro ose zvawo akaitirwa kuti isu samakristu vana vaMwari tirarame netariro. "nokuti zvose zvakanyorwa kare zvakaitirwa kuti zvititidzidzise isu, kuitira kuti isu, kubudikidza nokutsungirira nokukuridzira kwamagwaro, tive netariro". [VaRoma 15:4]. Achinyorerawo Kereke yavaKorinde, mupositori Pauro anovarangaridza kuti, "Zvino zvinhu zvose izvi [achireva zvakanyorwa nezvose zvakaitika] zvakange zviri somuenzaniso kwatiri kuti tirege kuisa mwoyo yedu pazvinhu zvakaipa sezvavakaita" [2VaKorinde 10:6]. Sokutaura kwatamboita pamusoro Bhaibheri rakaitira kuti ritiswatudze, ritiumbe kuti tive vakakwana pamabasa akanaka, kuti tirege kuisa mwoyo yedu pazvinhu zvakaipa. Chechitatu ndechichi: Shoko raMwari ibenyu uye rine rose simba. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, uye rinobaya kusvikira panoparadzana mwoyo nemweya, namafundo nemwongo uye rinotonga mifungo nendangariro dzomweya" [VaHebheru 4:12]. Mushoko raMwari ndimo mune ruponiso, ndimo mune manzwi oruponiso. Inzwa Ishe Jesu vachitaura, "ndinokuudzai chokwadi kuti ani naani anonzwa shoko rangu uye achitenda uyo akandituma, ano upenyu husingaperi uye haachazotongwi, abva murufu uye aenda kuupenyu" [Johani 5:24].

Muchinyorwa chino ndati timbotarira nokuringirira zvombo zvatinofanira kushandisa, kana kuti mabakatwa atinofanira kuva nawo mukudzidza Bhaibheri Shoko raMwari. Kuti, somutendi unyatsonzwisisa, nokutapirirwa neShoko raMwari zvakafanira kwazvo kuti upakatewo zvombo zvakati kuti. Ndine urombo kuti zvombo zvizhinji,

zvandichadoma pano, zvichiri mururimi rweChirungu. Hatisati tawanawo vanyori vanenyota yokutipawo zvinyorwa zvakadzama, zvamandorokwati mururimi rwaamai vedu. Munamato wangu ndewokuti zvichida mumakore anotevera aya tichawanawo vanyori, vachatinyorera zvidzidzo zveBhaibheri, zvamandiriri mururimi rwokwedu.

ZVOMBO ZVOKUSHANDISA…

Mudodorongwa waMavhesi OmuBhaibheri [Concordances]:

Strong's Exhaustive Concordance Of the Bible

Ichi ndicho chombo chikurusa chagara chichishandiswa navazhinji mukudzidza nokudzidzisa Shoko raMwariShoko raMwari. Bhuku iri rakanaka zvikuru, uye vatungamiri navadzidzisi veshoko vanokurudzirwa kuti vave naro. Marongero arinoita mavhesi ose ari mubhaibheri, akatsetseka uye zviri nyore kusanganisa mavhesi paunenge uchidzidza. Rinozonowedzarawo nekuva neduramanzwi rechiGiriki nerechiHebheru. Rimwezve Concordance, randinodisa zvikuru, uye randinokukurudzira kuti uve naro nderinonzi iro **"The Zondervan NIV Exhaustive Concordance"**. Mukwende webhuku, rine uremu potse wechitsapo choupfu. Rakatakura, uye narawo rino duridzira manzwi aro muchiHebheru nechiGiriki. Siyano yaro ndeyokuti rakanyorwa richishandisa chirungu cheNIV. Mamwewo maConcordances aungada kushandisa ndeanoti;

Young's Analytical Concordances to the Bible

NeCruden's Complete Concordance, namamwewo rufaya arikubuda achiendererana nepinduriro dzamazuvaano.

Kunaka KwamaMaBible Encyclopedias

MaBible Encyclopedias akanakira kuti anopa rungano rwebhuku rimwe narimwe riri muBhaibheri uye agopawo donongodzo pamusoro pemimwewo misoro yenyaya inenge yakakosha yomuBhaibheri. Akanakirazve kuti anopa zvakadzika dzika uye fundo nedzidziso pamusoro pamabhuku aunenge uchida kuziva nezvawo. Maparungano [encyclopedia] anokurudzirwa navadzidzi vamaBhaibheri vakawanda ndeaya anoti, **The Zondervan Pictorial Encyclopedia of the Bible** [5 vols] iro rakadhindwawo neveZondervan Publishing House, nerimwe rinonzi **Wycliffe Bible Encyclopedia** [2 vols], rakadindwa neve Moody Press.

Pane zvimwewo zvimabhuku zvidiki [zvipfumba muruoko] zvinobatsira zvikuru mukupa misumo yakadzama, ngano nerondedzero, mifananidzo, mamepu netsinhidziro pfupi. Aya ndeakaita se "The New Unger's Bible Handbook, rakadhindwa neveMoody Press, ne **Eerdman's Handbook to the Bible**" rakadhindwa neve Eerdman's Publishing Company.

Mamwewo mabakatwa akakosha mukudzidza Bhaibheri, maduramanzwi aya anonzi maDictionaries muchirungu. Aya anowarira nokutsanangura manzwi kana mashoko akakosha ari mubhaibheri. Ungangoda kutenga kana wariwana rimwe duramanzwi reBhaibheri rakanzi **Unger's Bible Dictionary**, rakadhindwa neveMoody Press, nerimwewo rinonzi **"The New Bible Dictionary"**, rakadhindwa neve Eerdmans Publishing Company. Kuti uve neruzivo rwakadzama pamusoro petsanangudzo nemidzi yamanzwi omuBhaibheri, kusanganisira noukama hwawo munyaya yaunenge uchiverenga, mabhuku anotevera akanaka zvikuru kuva nawo. **"An Expository Dictionary of Bible Words"**, rakanyorwa nava W. E. Vine. **Theological wordbook of the Old Testament** [2 vols], rakadhindwa neveMoody Press. Uyewo ne Dictionary of The New Testament Theology [3 vols], iro rakadhindwa neveZondervan Publishing House. Kunewo mamwe mabhuku anopa izvo zvakadzama pamusoro pavanyori, dzidziso dzavo [theology] uye nerungano rwokumashure kwebhuku raunenge uchiverenga nokudzidza. Aya ndiwo akaita se: "A Survey of Old Tetament Introduction", rakadhindwa neveMoody Press. "Introduction to the New Testament", rakadhindwazve neve Eerdmans uye rakanakawo zvikuru. Kune rimwewo rakadhindwa neve Intervarsity rinonzi iro, **New Testament Introduction**.

Rangarira hama yangu kuti ndati ini aya mabakatwa nemidziyo, yaungashandisa mukudzidza Shoko raMwari. Asika hazvirevi izvo kuti kana usina iyi midziyo haukwanisi kudzidza Bhaibheri nokurinzwisisisa. Kwete. Bhaibheri pacharo harina kuoma bodo. Ukariverenga zvinyoronyoro, mumunamato, uchikumbira rubatsiro rwoMweya Mutsvene, ucharinzwisisisa nokubatsirikana zvikuru. Chikuru chinodiwa mwoyo unekuzvininipisa, nenzeve dzakazaruka kukubata nokutaura kweMweya Mutsvene. "Shoko renyu ndiwo mwenje wetsoka dzangu nechiedza chenzira yangu" (Pisarema 119:105]. Rangarira kuti Mudzidzisi mukuru pakudzidza Bhibheri, ndiMweya Mutsvene. Ndiye chete anokurangaridza nokukudzidzisa.

KO UNGASHANDISA PINDURIRO DZIPI DZEBHAIBHERI…

Uyu mubvunzo wandagara ndichibvunzwa navazhinji nguva dzose, apo ndinenge ndichipa zvidzidzo zveBhaibheri. Zvakare mubvunzo uyu wakanaka zvikuru. Zvakakosha kuti uchenjerere kuti pinduriro yeBhaibheri yauri kuverenga yakanaka here uye kuti inoungira here vanamutangakugara. Chokutanga verenga nhungamidzo kana kuti misumo yamaBhaibheri **[Introduction]** kuti uone kuti pinduriro iyi yakanangana nani, uye kuti yakanyorerwei. Kune mamwe maBhaibheri akanyorerwa vana vadiki, mamwewo vokuAmerica, imwewo yakanyorerwa veZhingi zhongu zvichingoenda zvakadaro-daro. Naizvozvo zvakakosha zvikuru kwazvo kuva neruzivo rwokuti pinduriro yako yakanangana nani uye kuti ine chinangwa chei?

Asi dziriko mhinduriro **(translations)** ina dzaunofanira kuva nadzo kana uchida kuva mudzidzi we shoko akakwana. Mhinduriro **(Translations)** idzi ndidzo zvidzivadingwi nenyukiro dzemhinduriro dzose. Ndidzo vana mutanga

kugara dzine panhuriro nevandudzo dzakamira mbo kusvika riini. MaBhaibheri aya ndeanoti: **"The King James Version"**. Mukuru uyu akazvarwa kare [muna 1611] agara uye anofanira kubatwa zvakanaka zvine ruremekedzo. Kana uchida kuziva tsanangudzo dzamanzwi kubva pasichigare verenga "The King James Version". Ndijena murebvu, apo unonomwa nokutatapura udobo dobo hwezvamakore apfuura.

Rechipiri nderinonzi **"The New King James Version"**. Sezvaunongo zvionerawo, iri iKing James Version ranezuro, rakavandudza. Rakanobvisa bvisa manzwi akaita saana **"thou"**, **"thee"** nana **"ye"** asika harina kubvisa uchi noudobo dobo hwe "The King James Version" yakare. Unofanira kuva naro.

Rechitatu nderinonzi, **"The New American Standard Bible"**. Iri nderimwewo rakanyatso tsetsenurwa zvinonwisa mvura. Rakanaka uye vadzidzi vazhinji vaBhaibheri seni vanorikurudzira zvikuru. Rokugumisira nderinonzi iro **"The New International Version" [NIV]**. Rakadindwa neve International Bible Society vakabatana neve Zondervan. Chirungu charo chakareruka, chakatsetseka uye chinonzika.

Riripo rimwe chete randinoda kukuyambira kuti usanyanye kuve neukama naro zvakanyanya uye kana zvichibvira usambofa wakaribata hako.

Iri nderinoshandiswa nehama dzangu dzeve**Jehovha's Witnesses, [Zvapupu ZvaJehovha]** Rinonzi iro **"The New World Translations"**. Bhaibheri iri harina kunyatso pindurirwa zvakanaka mudikani. Rinotsonzedza umwari hwaJesu [somuenzaniso verenga Johani 1:1] uye rinozvomora zvomora mamwe mavhesi. Urwere hwaro ndehwokuti rinosimudza nokupesvedzerera dzidziso yesangano rimwe chete, sangano reZvapupu ZvaJehovha, izvo zvinoburitsa pachena kuti (doctrine) rakadhindwa rine chinangwa chokufambisira mberi dzidziso yeveZvapupu ZvaJehovha. Isu samaKristu tinotenda kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo rune shoko rokuguma panyaya dzose zvadzo dzokutenda, "Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa, kurayira, kutsiura nokurairidza mukururama, kuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo uye agadzirirwe mabasa ose akanaka" [2 Timoti 3:16] Naizvozvo hazvina kunaka kupindurira shoko raMwari tine chinangwa chokuti ritaure zvatinoda isu. Jehovha vanoti hokoyoi kune uyo anowedzera chinhu chipi zvacho kushoko raMwari. Mwari vachawedzerawo kwaari matambudziko akanyorwa mubhuku iri. *"Ndinoyambira mumwe nomumwe anonzwa mashoko ouporofita hwebhuku iri, ndichiti: Kana munhu upi zvake akawedzera chinhu chipi zvacho kwairi, Mwari achawedzerawo kwaari matambudziko akanyorwa mubhuku iri. Uye, kana munhu upi zvake akatapudza mashoko kubva mubhuku iri rouprofita, Mwari achabvisawo kwaari mugove wake pamuti woupenyu nomuguta dzvene, izvo zvakanyorwa mubhuku iri"* [Zvakazarurwa 22:18]. Verengawo Detoronomi 4:2, 12:32 naZvirevo 30:6]. Dzose idzi iyambiro kuti tinofanira kubata shoko raMwari zvakanaka, uye zvine ungwaru, zvinovawo ndizvo zvatiri kuedza kuita muchinyorwa chino. Tinoedza napose patinogona kushingairira kuti tizviratidze pamberi paMwari, savanhu vanogamuchirwa, vashandi vasingafaniri kunyadziswa uye vanonyatsoruramisa shoko raMwari. [2 Tim 2:15] Pana Mabasa Avapositori chitsauko chamakumi maviri, tinoverenga nezvamupositori Pauro achisangana nevakuru vekereke yeEfeso. Mumashoko akeayo aive akananga kuvakuru ivava, mupositori anovayambira nezvengozi [yemapere] vadzidzisi venhema pakati pavo uye chijana chikuru kana kuti basa guru ravakuru ivava mukubatsira sangano kukura mushoko raMwari [vs 32].

"Zvino ndinokuisai kuna Mwari nokushoko renyasha dzake, iro rinogona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati peavo vakaitwa vatsvene". [Inzwa] Zvisinei zvazvo nokuti takadanirwa zvipi uye sei, zvakafanirisa kwazvo kuti tibate shoko raMwari (ministries) zvine ungwaru zvakanaka [uye zvinouchenjeri nokutya]. Kana, isu sevakuru vamaKereke, tikaita saizvozvo chokwadi ndechokuti vanhu vaMwariwo vatino tungamirira vachakurawo pamweya yavo.

Kumwanakomana wake Timotio mupositori Pauro anoti iye, *"Zvino iwe mwanakomana wangu, iva nesimba munyasha dziri muna Kristu Jesu. Uye* ***zvinhu zvawakanzwa ndichitaura pamberi pezvapupu zvizhinji zvipe kuvanhu vakatendeka avo vachazozvidzidzisawo vamwe.*** *Tsungirira pamwe chete nesu somurwi akanaka waKristu Jesu."* 2 Timoti 2:1-3. Pavhesi 15 vopedzisa vachiti, *Shingaira kuti uzviratidze pamberi paMwari, somunhu anogamuchirwa, mushandi asingafaniri kunyadziswa uye anonyatsoruramisa shoko rechokwadi.*

CHIZIVISO CHAKAKOSHA.!!

Kwamuri mose vaverengi vedu veMharidzo Yokuuya Kwake. Ikozvino mave kukwanisa kuzviverengera uye kubura [download] magazini renyu padandemutande reindaneti. Zvave nyoresa kwazvo kuverenga bepa renyu pambozharunhare dzenyu, muri zvenyu parwendo mubhazi kana muchikochikari, uye muchifudza henyu mombe kana mbudzi. Heanoi matanho amunofanira kutora kuti mukwanise kuverenga Mharidzo paindaneti, kana kumadururira mumafoni enyu (Downloading). Shandisai kero inoti: heraldofhiscoming.org kuti mupinde papeji redu reHerald Of His Coming. Kana mave munharaunda yeHerald Of His Coming bayai bhatanisi rakanzi Languages. Kana mapinda ipapa bayaizve bhatanisi rakanzi Shona Language, mobva matopinda mumudodorongwa wemamagazini edu akare neazvino. Sarudzai henyu iri ipizvayo magazini yamunoda kuverengera ipapo kana kukoponora monozviverengera mava mberi. Ndapota torai mukana uyu, hama dzangu kupfuudzirawo zvinyorwa zvedu kuvose vamunofunga kuti vangakomborerwa nazvo. Kana muchidawo Mharidzo paWhatsApp, tumirai namba dzenyu dzerunhare paidzi dzinoti +263 772 929 673.

KURAMBA TAKAVIMBIKA KUSVIKA ADZOKA

NaRich Carmicheal

(Hechinoizve chimwe chinyorwa kubva kuna Richard Carmicheal, icho akanyora mumwedzi waGunyana (September) 2010, makore makumi maviri nematanhatu apfuura, apo aichangotanga kuva mutsikisi weHerald of His Coming. Chokwadi hachichemberi uye hachiori. Chiri mumusakasaka ngachizvinzwire, pamhuno sefodya…)

Kaziwai kwamuri mose muzita reIshe naMuponisi wedu Jesu Kristu. Ndine mufaro mukurukwazvo apo ndirikutanga kuva mutikisi **(publisher)** webepanhau reHerald of His Coming. Mukana makuru wakakosha sei kushanda neushumiri hwakasimudzwa naShe wedu kwemakore makumi mashanu nemasere apfuura. Zvakare kwandiri ruremekedzo rukurusa sei kasunganidzwa pamwe chete nemi, kubudikidza nezvinyorwa, dzitsamba, neminyegetero, apo tinoshumira Ishe, muawara yakakosha kudai yokuguma uye tichigadzirira kudzokazve kwaShe wedu rwepiri.

Zuva nezuva ndinonzwa ndichikachamadzwa, neizvo zviri kuitwa naIshe kubudikidza neushumiri hwe**Herald of His Coming**. Tirikugara tichitambira tsamba dzerumbidzo, idzo dziri kupupurira nezvesimba reushimiri kuvaverengi vose veHerald of His Coming. Kanapo ndashanda hangu kwenguva shomana neushumiri hweHerald, ndave kutanga kunzwisisa zvimwe zvikonzero nei makomborero akaramba, uye achiramba ari pamusoro poushumiri hweHerald. Mumanzwi angu okutanga, semutsikisi weHerald, ndirikudawo kugoverana nemi zvikonzero izvozvi.

Inzwi Rechokwadi Nenguva Yakafanira

Kubvira parakavambwa mugore ra1941, chinangwa cheHerald ndechekubatsiridza Kereke pasi rose kugadzirira kunosangana naKristu pakudzoka kwake rewpiri. Kubva ipapo, mharidzo inotsikiswa neveHerald yaramba ichitsinhidzira kukosha kwekutendeuka, mutsurudzo, munamato nekuparidzirwa kweIvhangeri mupasi rose. Mumazuva apo humwe hushumiri huri kurerudzisa chokwadi chomweya, Herald yaramba yakavimbika kuShoko raMwari nemharidzo yake kuKereke. Ini ndinotenda kuti Mwari vakaropafadza Herald nemhaka yokuti vatsikisi nevapepti varo vakaramba vachiremekedza Ishe nokudhindisa zvinyorwa zvakamira pachokwadi yeShoko Rake.

Simba Romunamato...

Chimwezve chokonzero chikurusa nei pane makomborero pamusoro peushumiri uhu, ndechokuti minamato yaramba iri bhanhire reHerald of His Coming. Ushumiri hweHerald hwakazvarwa muminamato mugore ra1941 zvakare munamato waramba uri nheyo yehushumiri uhu. Vashandi nevanotsigira veHerald vanoramba vachinyengeterera mutsurudzo mumaKereke nekuponeswa kwevakarasika. Vanorambawo vachitsvaga makomborero pamusoro pezvinyorwa zveHerald uye ruoko rwaMwari muzvinodikanwa neushumiri hweHerald. Ndinotenda Mwari zvikurusa kuti ushumiri hweHerald huri kuramba huchigezwa muminamato. Tsamba dzenyu dziri kuramba dzichitiyeuchidza zuva nezuva kuti muri kuti nyengeterera.

Vatsigiri Vanopa Nokuvimbika

Ini ndinotendazve kuti chimwezve chikonzero nei Mwari vari kuramba vachiropafadza bato ushumiri uhu **(ministry)**, imhaka yokuti vanodzwa neuwandu hwevatsigiri vakavimbika veHerald. Ndinoshamiswa kwazvo zuva roga roga apo ndinotambira tsmba dzenyu dzekurudziro uyewo nerubatsiro rwedzimari. Tsamba idzi nezvipo zvenyu, chiratidzo chorudo rwenyu kuShoko raMwari, chishuwo chenyu kuti chokwadi chake chiparidzirwe pasi rose, nzara nenyota kumutsurudzo, uyewo kutakura mutoro wemhuri neshamwari dzenyu. Zvechokwadika Mwari vari kuropafadza ushumiri hwedu kubudikidza nekuzvipira kwenyu kubasa rake.

Vashandi Vakavimbika Mupasi Rose

Chimezve chikonzero chinoita kuti Mwari varambe vachiropafadza ushumiri hwedu nenzira yepamusorosoro, ndinotenda kuti imhinduro kukuvimbika kwevashandi veHerald of His Coming. Kubvira pamatangiro, ushumiri hu hwakaropafadzwa nevanhu vanodisa kushandira Ishe wavo. Nanhasi pari kuramba pane vakawanda pasi rose vari kushanda nesimba nokuzvipira mukukoponora, kupepeta uye nekurikusha bepanhau reHerald of His Coming. O ngatirambei tichipa kutenda kuna Mwari wedu nenzira yavari kubatanidzira nayo ushumiri uhu hunoshamisa hweHerald.

Rudo Rwashe

Hongu, hwaro hwakasimba hunokonzeresawo kudururwa kukurusa kwemakomborero aShe pamusoro peshumiri hwedu, kusanganisirawo namamwe maboka akamira pachokwadi chaMwari, rudo rwawo Mwari kuvanhu vavo. Izvo zvavari Mwari ndozvinovakutsirira kuropafadza kushingairira kwavanhu vake, apo vanoshingairirawo kuropadza vamwe. Dzidziso huru iri mumagwaro ndeyokuti Mwari vanoda vanhu, uye vane shuviro yokuti vararame navo mukusingaperi. Mupositori Pauro vanotiudzawo kuti Mwari, *“vanoda kuti vanhu vaponeswe uye kuti vazive chokwadi.”* Muzvimwe chetezvo, mupositori Petro vanonyorawo vachiti Mwari havadi kuti, *“ani nani zvake arasike, asi kuti vose vatendeuke.”* Mwari vanoropafadza mabasa evanhu vavo, nokuda kweshuviro yavo huru yokuti shoko ravo nerudo rwavo zvigoveranwe nevanhu vose. *“Vongai*

Jehovha, nokuti akanaka; rudo rwake runogara nokusingaperi…" Pisarema 107:1.

Kupedza Zvakanaka

Ndichitanga ndima yangu kudai muushumiri hweHerald, ndine ichi chibvumiro mumwoyo mangu chokuti Mwari vanodisisa kwazvo kuti tirambe tichifamba mukuvimbika, uye tichipfuurira ipapo mukuparidzira Shoko ravo mupasi rose. Kudzoka kwake kwava pedyo zvikurusa uye zvave kudikanwawo kuti Kereke yake igare yakagadzirira muzvakazara.

Zvichakadaro, apo ndine mifungo yose iyi, regai ndikutendei vaverengu vedunokubatana maoko kwenyu neushumiri hweHerald. Ndinokutendai zvikurusa neminamato yenyu nguva dzose. Ndinkutendaizve nedzitsamba idzo dzine mashoko enyu ekurudziro. Ndokutendai nerubatsiro rwenyu rwemari, izvo zvinotibatsira kusvikra kune vazhinju. Ndokutendai nerudorwenyu kuShoko raMwari.

Regaizve nditore uno mukana kukudenhai kuti murambe makazvipira zvakapfuurisa kuminamato uye nokubasa raMwari. Nguva yedu yapfupika, yaveshoma. *"Kuguma kwezvinhu zvose kwave pedyo. Naizvozvo ndangariro dzenyu ngadzichene uye muzvidzore kuti mugogona kunyengetera.* Vadikani, ino yave nguva yokunyengetera, kunyengetera nokunyengetera! Mwari varikuti danira kuminyengetero. Tinofanira kunyengeterera kuda kwaMwari kuti kuve panyika. Zvakare huyai tizvidururire nemwoyo yose kubasa ratakapihwa naMwari. Sokutaura kwamupositori Pauro pana vaKorinde 15:58, "…Muchishandira Ishe zvikuru nguva dzose, nokuti kubata kwenyu munaShe hakungavi pasina." Tariraiwo kukosha kwebasa ratakapihwa nShe. Ngatirambei tichinyengetera, ngativimbike pakushanda uye ngatipei nomufaro. Mwari ngava pedze basa ravo kuburikidza nesu. *"Kwaari ngakuve nokubwinya kubva nhasi kusvika nokusingaperi."*

Chivi Nokudzikinurwa

Shoko raMwari rinoti mubayiro wezvivi ndirwo rufu (VaRoma 6:23). Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akaripira charango chacho chokufa pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* (Isayo 53:5), Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, (VaRoma 6:11-14); kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa (Mabasa 2:38-39; VaRoma 10:9-10).

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* (VaRoma 3:23). *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* (VaRoma 6:23).

2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke…Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* (Isaya 55:7).

3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu…kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* (1 Korinde 15:3-4), vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"…Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa uchaponeswa"* (VaRoma 10:9).

4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifambo maari"* (VaKorose 2:6).

ZVIPIKIRWA ZVAMWARI KUNA ISIRAERI….

"Nokuti ndinoziva urongwa hwandinahwo pamusoro penyu," ndizvo zvinotaura Jehovha, "urongwa hwokuti mubudirire, kwete kukuitirai zvakaipa, urongwa hunokupai tariro neramangwana rakanaka. Ipapo muchadana kwandiri uye muchauya kuzonyengetera kwandiri, neni ndichakunzwai. Muchanditsvaka mukandiwana, pamunonditsvaka nemwoyo yenyu yose. Ndichawanikwa nemi," ndizvo zvinotaura Jehovha, "uye ndichakudzosai kubva kuutapwa. Ndichakuunganidzai kubva kundudzi dzose nokunzvimbo dzandakanga ndakudzingirai," ndizvo zvinotaura Jehovha, "uye ndichakudzoseraizve kunzvimbo yandakanga ndakubudisai ndichikuendesai kuutapwa... Jeremia 29:11-14

Ipapo akati kwandiri, "Mwanakomana womunhu, mapfupa aya ndiyo imba yose yaIsraeri. Ivo vanoti, 'Mapfupa edu aoma uye hatisisina tariro; taparadzwa hedu.' Naizvozvo profita uti kwavari, 'Zvanzi naIshe Jehovha: Haiwa vanhu vangu, ndiri kuzozarura marinda enyu ndigokubudisai maari; ndichakudzoseraizve kunyika yaIsraeri."

... Ezekieri 37:11-12

Naizvozvo zivai kuti Jehovha Mwari wenyu ndiMwari; iye ndiMwari akatendeka anochengeta sungano yake yorudo kusvikira kumarudzi ane chiuru chamarudzi kuna avo vanomuda uye vanochengeta mirayiro yake

… Dhuteronomi 7:9